


VAHEBHERU, CHITSAUKO

CHECHISHANU

NECHECHITANHATU ¹

 . . .re—reBhuku raVaHebheru. Tinobva tapinda mune rechi 7, huprisita hwaMerkizedheki. Uye zvakare tinobva tapinda, tichibva muhuprisita hwaMerkizedheki, mumazuva makuru aya eyananiso, nekupatsanura, kupatsanura yananiso. Zvino topinda muchitsauko ichocho chekutenda kukuru, chitsauko 11; nechitsauko 12, “Kuisa parutivi zvinorema zvese.” Uye chitsauko 13, “Uya Musha weKusingaperi usina kuvakwa nemaoko emunhu; asi Mwari, voga, vakagadzira Musha uyu mukuru.” Zvakaisvonaka sei!

² Ndinofara kuona hanzvadzi yedu kumashure uko, ichangopinda mushumiro. Ndiri kuvaona nemurume wavo. Nezuro, takanga tiri munzira yedu tichikwira, kune nzvimbo ino . . .Ndakafunga kuti ndaiziva nzvimbo diki dzose nekwesekwese, nokuva mutariri wemhuka muno muIndiana, uye nokupatirora kwemakore akati kuti. Ndaiziva nzvimbo dzose. Asi ndingadai ndakararika nezuro, kumusoro uko kwavaiva vari, pamusoro pezvikomo, nzira itsva.

³ Zvino mudzimai wacho aive nekenza mumapapu, zvino Ishe zvirokwazvo vakapodza mudzimai uyu. Takatora . . . Oo, uye kuti zvole zvakauya sei, takanga takagara ipapo. Hama Roberson, pamwe vari muno, nhasi. Ndiri kuona mudzimai wavo, naHama Wood, vari muno. Uye taive kumusoro ikoko tiri mukarori kekare, Hama Roberson neni, naHama Wood. Zvino takatora karori aka, tikakwira kumusoro ikoko, pamusoro pechikomo. Zvino ikoko Ishe vakaratidza kenza yacho zvirokwazvo. Uye zvadaro takamira ipapo tikaiona ichisiya mudzimai. Nemaziso edu chaiwo, takamira ndokuiona ichisiya mudzimai. Zvino mudzimai akafonera zvakare kumudzimai waHama Wood; zvino vakanga vachindiudza kuti, akanga achipfira zvinhu zvitema-tema izvozvo. Uye heunoi ari pano mangwanani ano, akagara kumashure muचेची, iye nemurume wake anodikanwa, vachiva nenguva inoshamisa munaShe. HaVashamise here?

⁴ Uye ndakanga ndisingazivi kuti . . .Pano, kazhinji, kuvanhu vemunharaunda, kashoma kuti zviratidzo zviitike pano. Uno ndiwo musha wangu. Uye, ndinoreva, muचेची.

⁵ Svondo, kwava nevhiki, isu . . .Vangani vaive pano kuti vaone murume aive muwiricheya? Bofu, akaremara,

asingakwanisi kumira, uye tsinga dzepfungwa dzaenda, uye vekwaMayo vakanga vamutadzirira. Uye—uye mumwe chiremba wechiKatorike shamwari yangu akamutumira kuno. Zvino ndisati ndauya kushumiro, Ishe vakapa chiratidzo chemurume uyu. Imi mose munozviziva. Uye ipapo murume uyu akapodzwa, neZVANZI NAJEHOVHA. Maona? Zvino akabva asimuka, akabuda, akatora wiricheya yake, achikwanisa kuona sekukwanisa kwaunoita kana kukwanisa kwandinoita. Zvino akabuda muchivakwa achisunda cheya yake, semunhu wose. Uye tsinga inoita kuti munhu amire... Munozviva, haugone kumira pachako, munoona, hautongogoni. Zvino kwemakore akanga akagara.

⁶ Zvino nezuro pandakasvika ikoko, mudzimai wacho ainge achirota achindiona ndichipindamo, pana two o'clock chaipo, uye ndokumuzivisa aiva "nekenza," zvino tevere, "ZVANZI NAJEHOVHA, 'akapodzwa.'" Zvino—zvino akamuka, uye dzakanga dziri two o'clock chaidzo. Zvino Mweya waShe wakaburuka, uye ipapo hope iyoyo—iyoyo yaakava nayo, uye Ishe vakapa dudziro. Zvino akapodzwa ipapo chaipo panzvimbo iyoyo, ipapo chaipo patakanga takatarisa. Zvinoshamisa sei!

⁷ Handikwanise kufunga nezvezita rake. Rinonzi chii? Munonzi ani, hanzvadzi? Walton, Hanzvadzi Walton, vagere kumashure uko. Mungasimukewo here, Hanzvadzi Walton? Ndinoda kukubvunzai kuti muri kunzwa sei. [Hanzvadzi Walton vanoti, "Zviri kungodakadza."—Mupepeti] Ameni. Zvakanaka, zvakanakisa. Vakanaka kwazvo, kutiropafadza nenzira iyoyo. Saka tiri kutarisira zvikuru kwazvo, zvakanakisa, zvechiyero chikuru chaMwari.

⁸ Mumwe chiremba akanga amuvanzira izvi. Akamuudza kuti "aingofema nedivi rimwe chete." Zvazvaiva, kenza yakanga yakura yatandavara ikadzivisa kufema kudivi iroro rebapu, munoona. Haukwanise kuona kenza kuburikidza nex-ray, nekuti kenza chizenga, pachayo, uye hu—hupenyu. Uye iwe—iwe—iwe unongo—u—unogotarisa nemukenza yacho, nex-ray. Hauione.

⁹ Uye, asi Ishe chokwadi vaka... Takamira ipapo tikaitarisa, isu pachedu, nemaziso edu chaiwo. Ndokuitarisa ichifamba, ndokuiona ichibva, nemaziso edu chaiwo. Saka, tinotenda zvikuru nokuda kwaizvozvo.

¹⁰ Uye zvino, tinyengetererei zvino, svondo rino, patinenge taenda. Uye Hama Neville pamwe vachatangira pandasiira, pashumiro yeChitatu manheru. Musazvipotse zvino, mungetani huru iyi yeBhuku raZvakazarurwa.

¹¹ Ndinoziva minamoto yakawanda yakaitwa, uye ti—tinoziva kuti Mwari vanonzwa munyengetero. Asi isu, mangwanani ano, tinoda kuisa munamoto mudiki Bhuku risati raverengwa. Zvino, chero munhu anokwanisa, anogona kuverenga Bhuku nenzira

iyi, kana kugona kurivhura nenzira *iyi*. Asi zvinotora Mwari, voga, kuti vazarure kunzwisisa, nokuti ndiVo Vega Vanogona kuzviita.

Saka ngatikotamisei misoro yedu kwekanguva.

12 Zvino, Baba, nemuZita reMwanakomana weNyu anodikanwa, Ishe Jesu, tinouya zvino mukuzvininipisa kukuru kuti tizviise pasi, sevaranda veNyu, kuti Mugotaura kuburikidza nesu. Dzingisai miromo inotaura uye nenzeve dzinonzwa, kuti Shoko rigotaurwa naMwari uye rinzwikwe noMweya, muvanhu. Zviitei, Baba. Dai Atora Shoko raMwari uye oshumira kwatiri sezvatinoshaiwa, nokuti tinozvikumbira muZita raKe uye nokuitira kubwinya kwaKe. Amen.

13 Zvino, tichiverenga mangwanani ano, tiri kunzvera. Hatisi—hatisi kuparidza; tiri kungonzvera Bhuku iri revaHebheru. Vangani vari kunakidzwa naro? Oo, tiri kuva nenguva inofadza! Uye zvino tichinyatsonzvera, Gwaro pamusoro peGwaro. Zvinofanira. . . Bhaibheri rose, rizere rinobatana pamwe chete. Hapana Shoko rimwe chete risiri panzvimbo yaRo, kana Rikaiswa pamwe chete neMweya Mutsvene.

14 Zvino, munhu akati, “Bhaibheri rinozvipikisa pachaRo.” Ndinoda kuzviona. Ndakabvunza, makore makumi maviri nemashanu, nokuda kwaizvozvo, uye hapana ati ambozviratidza nazvino. Bhaibheri harizvipikisi. Kana zvirizvo, harisi Bhaibheri. Jehovha vakuru, vasina magumo havaigona kuZvipikisa Ivo pachaVo, saka hapana panopikisana muBhaibheri. Kungori kusanzwisisa kwevanhu.

15 Zvino sekanheyo kadiki, kusvikira tadzokera. Zvino, Bhuku raVaHebheru rakanyorwa naMutsvene Pauro, kuvaHebheru. Akanyora rimwe kuVaEfeso, vakanga vari vanhu vaiva paEfeso, Chechi yeChikristu; rimwe kuVaRoma paRoma; uye rimwe kuVaGaratia; uye rimwe kuVaHebheru.

16 Zvino, tinocherechedza kuti Pauro, ari mudzidzisi weBhaibheri, kutanga kwacho. Ndizvo zvatakadzidza. Kuti akagara pasi pemudzidzisi mukuru, mumwe wevakurusa vemazuva ake, Gamarieri. Uye aiva neruzivo chairwo rweTestamende Yekare. Ainyatsoiziva. Asi akava mutambudzi wenzira yakanga iri Nzira yaKristu, nokuti akanga adzidziswa muTestamende Yekare pasi pevadzidzisi. Asi vadzidzisi, kazhinji vari munyama. . . Ndinovimba kuti handina chandinotaura chakaipa.

17 Asi, kazhinji, kana munhu achingova nedzidziso nenzira yezvikoro, kazhinji zvakagadzirwa nevanhu. Munoono, hazvina kufemerwa, nokuti zvinozova dzidziso yechikoro. Tinazvo nhasi. Presbyteriani, Lutherani, Pentekosti, zvikoro zvose izvi vane pfungwa dzavo, uye vanongopinza Magwaro mune izvi.

¹⁸ Uye zvakanga zviriri zimwe chetezvo muTestamende Yekare. Asi, Pauro, nokunyatsodzidziswa, uye aiziva Magwaro neshoko. Asi, munoono, Magwaro, hazvinei nokuti unoAziva zvakadii, kana Mweya usingaAmutsi, ipapo tsamba inouraya. Mweya unopa Hupenyu. Munoono, Rinofanira kumutswa, kana kuitwa benyu, neMweya. Kana Mweya ukasaita kuti Shoko rive benyu uye nekuRiita remazvirokwazvo kwauro, zvadaro tsamba yacho inongova yenjere. Ndipo patine Makristu mazhinji kwazvo vanongopupura nhasi, kana kuti vanozviti Makristu, ndirwo ruzivo rwaKristu rwepfungwa.

¹⁹ Ndokubva tatsaukira pane zvekuti, “Saka, aifanira kunzwa chimwe chinhu; uye waifanira kuita chimwe chinhu.” Uye, oo, tichapinda mune zvose izvozvo, mushure mechinguva. Mumwe aifanira kudanzira. MaMethodisti vaiwanzodaidzira, vasati vazviwana. MaPentekosti vaifanira kutaura nendimi, vasati vava nazvo. Uye, oo, vamwe vavo, Vazunguziki, vaimbozunguzika. Hongu. Vekare... Vaifamba vachikwira nekudzika, varume kune rimwe divi, vakadzi kune rimwe divi. Maona? Vazunguziki. Ndokubva Mweya Mutsvene wauya pamusoro pavo ndokuvazunguza. “Vaiva naWo.” Asi zvese zvinongova kupengereka. Hapana chimwe chazvo chiri Chokwadi.

²⁰ Mwari vanogara muShoko raVo. “Kutenda kunouya nokunzwa, kunzwa Shoko.” “Nokutenda makaponeswa, kubudikidza nyenya.” Kwete nechinhu chipi zvacho, ungave uchizunguzika, kana kutaura nendimi, kana chero chipi zvacho chinotika. Hazvinei nechekuita mazviri, zvachose. Jesu akati, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi. Uyo anonzwa Shoko raNgu uye akatenda,” akamutswa kwaari, “ane Hupenyu Husingaperi.” Hezvoka izvo. Hazvina basa kuti chii chidiki chaunoita.

²¹ Zvino, handisi kupikisa kuzunguzika, kana kutaura nendimi, kana kuzunguzika, oo, kudanzira ikoko—ikoko. Izvozvo zvakarurama. Zvakarurama. Asi zvinongori zvibereko chete. Maona? Ndinogona kukupa apurosi kubva mumuti, uye zvakadarwo unenge usati wava nemuti wacho. Maona? Iwe... Ndizvo zvibereko zvacho.

²² Kunyepa, kuba, kunwa, kuputa, kubheja, kuita upombwe, izvozvo hazvisi chivi, ndizvo zvibereko zvekusatenda. Maona? Ndizvo izvo iwe—iwe... Unozviita nokuti uri mutadzi. Maona? Asi kutanga uri mutadzi. Ndizvo zvinokuita kuti uite izvozvo, nokuti hautendi. Uye kana uchitenda, saka hauite izvozvo. Zvadaro unova nerudo, mufaro, rugare, kutsungirira, runako, hunyoro, kuninipa, moyo murefu. Ndicho chibereko cheMweya Mutsvene. Maona?

²³ Saka tine tunhu tudiki, kutekenyedzwa kudiki, nemhaka yekuti munhu akabva munzira yekare, yakatarwa yeShoko. IShoko. “Kutenda kunouya nekunzwa.”

²⁴ Saka apo Pauro...Mwari vakasarudza Pauro. Vanhu vakasarudza Matiasi. Paaka...Vakakanda mijenya, asi haana kana chinhu chaakaita. Zvinoratidza kuti isimba rakadii rine chechi ipapo, pakuita sarudzo, kusarudza madhikoni avo, nekutumira vaparidzi vavo kunzvimbo dzakasiyana-siyana. Ndezvemunyama, nguva zhinji.

²⁵ Munhu ngaaende uko Mwari vanomutungamirira kuti aende. Ndinozvifarira izvozvo. Kana vanhu vari mumusangano vakangoti, “Saka, heino chechi yakanaka. Hama iyi yakavaka chechi yakanaka. Uye tine uyu watinofarira kutuma.” Vanomutumira kucheche iyi. Havazivi kuti vari kuzviuraya pachavo. Maona? Chekutanga, kana murume iyeye akapinda imomo, haakwanisi kuzadza nzvimbo yemurume wacho. Zvino vanongopedza chechi simba, kuedza kuratidza fevha kune mumwe munhu wavanofarira. Zvagara zvakadaro.

²⁶ Asi ndinotenda mukutonga kwepamusoro kweungano yoga-yoga. Hongu. Regai chechi imwe neimwe ingove yayo pachayo, isarudze vafundisi vayo, madhikoni ayo, vayo, chero chii. Uye zvadaro, nenzira iyoyo, murume ari imomo haana bhishopi ari pamusoro pake. Mweya Mutsvene uchida kutaura chimwe chinhu kucheche iyoyo, havafanirwe kubvunza chero ani zvake nezvekuti vangaite *izvi* here kana kuita *izvo*. Idungamunhu ari mukubatana neMweya Mutsvene. Ndiratidze neBhaibheri kuti ndiyani mukuru, muBhaibheri, angapfuura mukuru weungano wepacheche iyoyo? Ndizvozvo, hongu, changamire, kuzvitonga kweungano, chechi yega-yega pachayo. Zvino, hukama hwehama, zvakanakisa. Machechi ose anofanira kunge ari muhukama wehama hwakadaro, pamwe chete. Asi hutongi hweungano iyoyo!

²⁷ Cherechedzai Pauro, ari mudzidzisi mukuru, akadzidziswa zvakanaka, ari munzira yake achidzika kuDhamasiko, rimwe zuva, kunosunga vanhu vakanga vari muNzira itsva iyi. Zvino, akanga akaperera. Mwari havakutongi nokuperera kwako. Handisati ndamboona vanhu vakaperera kupfuura vahedheni. Vazhinji vavo vanotouraya vana vavo, pasina, kuitira—kuitira chipiriso kuchimupunzo. Hakusi kuperera. Munhu anogona kutora carbolic acid, akaperera, achifunga kuti ari kutora chimwewo chinhu. Kuperera hakukuponesi. “Pane nzira inoita seyakanaka kumunhu, asi magumo ayo inzira dzerufu.”

Pauro akanga akaperera paakapupurira, mukutonga kwake amene, kutaka Stefano nemabwe. Gare-gare mumakore, ndinofarira kukumbira ruregerero kwaPauro, akati, “handina kufanira kunzi mudzidzi kana kunzi muapostora, nokuti

ndakatambudza Chechi kunyangwe kusvikira parufu.” Nekuperera!

²⁸ Zvino ari munzira yake achidzika, akava nechitiko. Mweya Mutsvene wakabuda uri Shongwe yeMoto huru, uye Ukamupofomadza. Zvino, takapfuura nemazviri, Shongwe yeMoto iyoyo yaive Kristu. Uye ndiYe Shongwe yeMoto imwe chete yakatungamirira vana nemurenje. Kristu aive Mwari, uye Mwari vaive Kristu. Mwari vakaitwa nyama vakagara mumutumbi waishe Jesu. “Mwari vakanga vari muna Kristu, vachiyananisa nyika kwaVari,” vachiratidza zvaVaiva.

²⁹ MuBhaibheri kumashure uku, mundima dzekumashure dzatanga tichiverenga, kuti, “AkaZviita akaderera kupfuura Ngirozi. Akatora chimiro, kwete cheNgirozi, asi akatora chimiro chenyama.” Ngirozi dzakanga dzisina kuwa, hadzidi rudzikinuro. Nyama yakanga yawa, vanhu, uye vaida rudzikinuro. Saka, mumirairo yekare, munhu, kuti ave mumudzikinuri, kutanga aifanira kuwa wehukama; Bhuku guru raRute, takapfuura nemariri pano, imwe nguva yapfuura. Uye kuti Mwari, vari Mweya, vakaitwa hama pamwe nesu, nokuva mumwe wedu, kuti vatidzikinure nokutipa Hupenyu Husingaperi. Vakatozova isu, kuti isu kubudikidza nenyasha tikwanise kuva saVo.

³⁰ Uye tinoona kuti Shongwe yeMoto yakatungamirira vana veIsraeri. Zvino paYakaitwa nyama pano panyika, tinoMunzwa achitaura rimwe zuva, zvino Akataura kuti Aiva Shongwe yeMoto. Vakati, “Unoti uri mukuru kuna baba vedu Abrahamama here?”

³¹ Akati, “Abrahama asati avepo, NDIRI.” Ndiani aive NDIRI wacho? Shongwe yeMoto mugwenzi rinopfuta, rangaridzo isingaperi muzvizvarwa zvose; kwete chizvarwa ichocho chete, asi chizvarwa chino, Shongwe yeMoto imwe chete. Uye tinotenda mangwanani ano kuti tine mufananidzo waYo, kuti haAsati ahanduka. Ndiye uyo Asingafi, Wokusingaperi, Uyo Akaropafadzwa. Anoita zvinhu zvimwe chete zvino zvaAkaita kumashure, uye zvinotiita kuti tinzwe kufara kwazvo!

³² Asi Pauro asati agamuchira chiitiko ichi . . . Achiziva kuti Mutumwa waJehovha aive Shongwe yeMoto, akanga ari Kristu, iye . . . Saka, Aive Mutumwa weSungano, aive Kristu. Mosesi akafunga zviri nani, kuti, akasarudza kutambudzika pamwe chete nevanhu vaKristu, uye kuti atungamirirwe naKristu, kupfuura pfuma yose yeEgipita. Akatevera Kristu, aive muchimiro cheShongwe yeMoto.

³³ Ndokubva Kristu ati, “Ndakabva kuna Mwari,” paAiva pano panyika, “Ndinodzokera kuna Mwari.” Mushure mekufa kwaKe, kuvigwa, kumuka, mutumbi wakabwinyiswa wakagara kuruoko rwerudyi rwaMambo, kuti areverere; Pauro akaMuona

seShongwe yeMoto, zvakare: Chiedza chakavhara maziso ake, potse-potse; chikamupofomadza.

³⁴ Petro akaMuona achipinda mutirongo seChiedza, ndokuzarura masuwo pamberi pake paaibuda. Tinoona kuti Aiva Arufa naOmega, Wokutanga neWokupedzisira.

³⁵ Uye heunoi Anesu, nhasi, achiita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita kumashure, achiZviita kuti aonekwe kwatiri, achizviratidza kunyika yezvesainzi.

³⁶ Oo, munguva ino huru yerima nenyonga-nyonga iri pamusoro penyika, tinofanira kuva vanhu vanofara zvikurusa munyika yose, kufara, kuziva. Nguva dzose, kana vanhu vakapiwa dzidziso, uye nemhando yose yezvitevedzwa nezvinhu zviripanyika, asi zvakadaro, nhasi, Mwari vechokwadi, vapenyu, kubudikidza neShoko raVo uye nehumbowo hwaVo hunooneka, vanotiratidza kuti Vari pano nesu, vachishanda, vachifamba, vachirarama, vachiita chaizvoizvo sezvaVagara vachiita. Tiri vanhu vane rombo rakanaka zvakadini, kuva neizvi! Tinofanira kunge...Bhaibheri rakati, ipapo, muchitsauko 2, “Tinofanira kubatisisa zvinhu izvi. Nekuti, tichapunyuka sei kana tichishaya hanyin’ a neruponeso rukuru rwakadai?”

³⁷ Zvino, tinozoonakuti, Pauro asati agamuchira chitiko ichocho...Zvino, tiri kurovedzera. Zvino, zvisinei kuti imhando yechiitiko chamakambova nacho, chechi, ndinoda kukukumbirai chimwe chinhu. Hazvinei nokuti zvinoratidzika zvakanaka sei, zvinoratidzika sezvemazvirokwazvo sei, zvinofanira kutanga zvaedzwa neBhaibheri. Nguva dzose paShoko! Usambofa wakaRisiya, pane chero mhando zvayo yechiitiko.

³⁸ Zvino Pauro, asati azvigamuchira, akadzika zasi kuArabia, uye ikoko akagarako kwemakore matatu, achiedza chitiko ichi neShoko. Zvino paakadzoka, akanga avanechokwadi. Hapana chaigona kumuvhiringa, nokuti akanga akasimba paShoko, asingazunguziki. Uye hepano paari kutendeukira zvino kuratidza kuVaHebheru ava, zvinhu zvikuru izvozvo zvakataurwa pamusoro pazvo, zveTestamende Yekare, zvakararatidzwa muna Jesu Kristu. Kubwinya kwakadini!

³⁹ Zvino, Svondo yapfuura, kana Chitatu chapfuura, Hama Neville vari muno, muchitsauko 5, vakarova dzimwe nzvimbo dzepamusoro-soro, nekuti chitsauko chinoshamisa kwazvo. Zvino tinomuwana achishanda nechitsauko 4, Svondo yapfuura, pamusoro pe*Sabata*, kuchengetwa kwe*Sabata*. Mune chokwadi here, mangwanani ano, munoziva kuti kuchengeta *Sabata* chii? Kana muchidaro, itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

⁴⁰ *Sabata* ndiro “Zororo” ratinopinda mariri, kwete nezuva, kwete nemurairo, asi nekupinda muna Kristu anova

Sabata redu. Ndiye Sabata redu. Takazvifambisa zvese nemuTestamende Yekare, uye tikaratidza kuti nguva yaizouya paizouya Shoko “mutsara pamusoro pomutsara, chirevo pamusoro pechirevo.” Uye Akaratidza kuti takapinda muZororo raKe neZuva rePentekosti, “Nokuti izvi zvaizoita kuti vakaneta vazorore, vochirega.”

⁴¹ Tinoona, kuti, “Mwari vakatara zuva muna Dhavhidhi, rinenge zuva rechinomwe.” Uye, “Mwari vakazorora pane rechinomwe.” Ndokuripa kune va—vana veIsraeri murenje. “Uye zvakare, Vakatara zuva.” Raiva zuva ripi? Rimwe zuva muvhiki? “Zuva raunonzwa Inzwi raKe, usaomesa moyo wako.” Ndiro zuva raAri kupinda, kuti akupei rugare Rusingaperi, neSabata Risingaperi.

⁴² Hauendi kucheche neSvondo, kuti uve anonamata, zvino. Kana wazvarwa neMweya waMwari, unopinda muZororo nekusingaperi, hapasisina kuchengeta sabata. Uri muSabata, nguva dzose, nokusingaperi, uye Nekusingaperi. “Mabasa ako epanyika apera,” Bhaibheri rinodaro, “uye wapinda murugare urwu rwakaropafadzwa.”

⁴³ Zvitsauko zvishanu zvekutanga izvi zviru kugadza Jesu panzvimbo seMuprisita Mukuru. “Mwari munguva dzakare nenzira zhinji vakataura kumadzibaba kubudikidza nevaporofoita, asi muzuva rino rokupedzisira kubudikidza neMwanakomana waVo, Jesu,” chitsauko 1, ndima 1.

⁴⁴ Zvino zvichidzika kusvika kumagumo echitsauko 5, tinomuwana Achimiririrwa sa Merkizedheki, Uyo akanga asina mavambo emazuva, asina kuguma kwohupenyu, asi anogara ari Muprisita nokusingaperi. Pafunge ipapo. Ndiani akanga ari Murume mukuru uyu? Tichazviwana, mune zvinenge zvimwezve zvitsauko zviru, hupenyu hwaKe hwese, tichanzvera: Murume mukuru Uyu Akasangana naAbrahama, Aive asina kumbova nababa, asina kumbova naamai, haAna kumbova kana nenguva yaAkambotanga hupenyu, kana kuti haAzombovi nenguva yaAchagumisa hupenyu. Zvino Akasangana naAbrahama achibva kunouraya mambo.

⁴⁵ Cherechedzai Munhu mukuru uyu, Chero waAiva ari, achiri mupenyu. Akanga asina magumo ehupenyu. Akanga ari Kristu, waakasangana naye. Tiri kuenda pakudzidza kwakadzama kwazvo, mumazuva mashoma.

⁴⁶ Zvino, tinoda kutangira pano muchitsauko 5 zvino, kungoita kanheyo kadiki tisati tarova ye—yechi 6, nekuti ndechimwe chinhu chinoshamisa kwazvo. Nyatsocherechedzai. Tichatangira neche pandima 7 yechitsauko chino. Zvakanaka, ngatitangirei pandima 6.

Sezvaanorevawo zvakare pane imwe nzvimbo, Ndiwe muprista nekusingaperi werudzi rwaMerkizedheki.

Uyo pamazuva ake enyama yake, apo iye . . . wakaisa minamoto nezvikumbiro nekuchema kukuru . . . misodzi kuna . . . aiva iye wakange achigona kumurwira parufu, uye akanzwikwa mukuti akatya;

Kunyangwe aive Mwanakomana, asi akadzidza . . . kuteerera kubudikidza nezvaakatambudzika;

⁴⁷ Zvino pano ndipo pandinoda kusvika, ndima 9 ino. Teererai. Ndinofunga Hama Neville vakapabata, Chitatu. Ndakanga ndisirai pano. Zvakanaka, teererai.

Akati akwaniswa, akazova muvambi wokuponeswa kusingaperi kuna vose vanomuteerera;

Akadanwa naMwari kuve Muprista mukuru werudzi rwaMerkizedheki.

Watine zvinhu zvizhinji zvokutaura pamusoro pake, . . .

⁴⁸ Tinozvisiya ipapo pane izvozvo, nokuti tichatora Merkizedheki muhusiku hushoma.

⁴⁹ Zvino tichatanga pane izvi, chidzidzo chedu chenguva dzose. Ndinoshuvira . . . Ndichangoverenga zvimwe zvese izvi kwechinguvana, ndima 11.

Watine zvinhu zvizhinji zvokutaura pamusoro pake, . . . zvinorema kutaura, nekuona kuti hamukwanise kunzwa.

Nokuti apo . . . panguva yamaifanira kuva vadzidzisi, imi mofanirazve kuti muve nemumwe anokudzidzisai zvakare zvinova nheyo dzekutanga dzezvirevo zvaMwari; uye mava sevanofanira kupiwazve mukaka, panzvimbo yezvokudya zvikukutu.

Nekuti mumwe nemumwe unoshandisa mukaka haana unyanzvi mushoko rekururama: nekuti mucheche hake.

Oo, ndinovimba kuti Mweya Mutsvene iwoyo wazviisa pakadzika zasi-zasi mamuri zvino.

Nekuti uyo ano—anoshandisa mukaka haana unyanzvi mushoko rekururama: nekuti iye mucheche.

⁵⁰ Ukapa mwana mucheche nyama yakasimba, unomuuraya. Ndicho chikonzero vanhu vazhinji kwazvo vachiti, “Aa, ini—ini handizvitendi izvozvo,” vobva vaenda. Vachiri vacheche! Havagoni kunzwisisa chete. Havagoni kubata Chokwadi ichocho. Chi—Chinovauraya. Zvinhu zvikuru, zvakasimba izvo chechi inofanira kuziva nhasi, asi haukwanise kuChidzidzisa. Ivo—ivo—ivo—ivo vanogumburwa naCho. Havazivi zvekuita naCho.

⁵¹ Pauro, achitaura neboka iri revaHebheru . . . Asi, vadzidzi vaari kutaura navo zvino, vadzidzi, vakanyatsodzidza.

Tinozviona, munguva shoma—shoma, vakadzidza zvikuru. Asi Chakavanzika chemweya chakadzama, chechi ichakapofomara kwaChiri. Akati, “Pamunofanira kunge muchidzidzisa vamwe, muchiri mucheche.”

⁵² Oo, ndoziva kune vazhinji vanosimuka vobuda vachiti, “Oo, handichasungirwe kuenda kuchechei zvachose. Mwari ngavarumbidzwe, Mweya Mutsvene wauya, Ndiye mudzidzisi.” Paunowana pfungwa iyoyo, uri kungokanganisa. Nokuti sei Mweya Mutsvene wakagadza vadzidzisi muchechi kana Aizova Mudzidzisi? Maona? Kune kutanga vaapostora, vaporofita, vadzidzisi, vavhangeri, nevafundisi. Mweya Mutsvene wakagadza vadzidzisi muChechi, kuti Ugone kudzidzisa kuburikidza nemumudzidzisi iyeye. Zvino kana zvi—zvisiri maererano neShoko, Mwari havazvisimbisi, saka haisi mhando yedzidziso yakanaka. Inofanira kuenderana neBhaibheri rose, uye yongorarama nhasi sezvaYaiva kumashure. Hecho chinhu chemazvirokwazvo charatidzwa.

⁵³ Zvino cherechedzai.

Asi zvokudya zvikukutu ndezvevaya va... vakura, kunyange avo nezvikonzero zvekushandisa... vakashandisa pfungwa dzavo dzakarovedzwa kunzvera zvose zvakanaka nezvakaipa.

Kuziva chakanaka nechakaipa, nekunzvera.

⁵⁴ Zvino cherechedzai, tichitanga zvino pachidzidzo chedu. Nheyo huru iyi zvino, handei pandima 1.

Naizvozvo tichisiya nheyo dzepamavambo dzedzidziso yaKristu,...

Ari kuti chii? Zvitsauko zvose zvishanu izvi zvekutanga zvakaiswa pana Kristu, kuratidza kuti ndiYe Ani. Zvino tave kusiya nheyo dzepakutanga dzedzidziso dzaKristu.

⁵⁵ TinoMwana ari chii? TakaMwana ari Jehovha Mwari Mukuru akaratidzwa munyama. TakaMwana kuti a—aisava muporofita, asi huzaro weHumwari mumutumbi. Akanga ari Jehovha akaitwa nyama. Zvino mutumbi, Jesu, akangova hugaro chete hwaVo. Mwari vachigara mumunhu. Mwari vachiyananiswa nemunhu, kubudikidza nemunhu, nekuzvarwa nemhandara kweMwanakomana waVo pachaVo. Zvino Jehovha, Mweya, vaigara maAri.

⁵⁶ Zvino, vangani vanorangarira dzidziso pamusoro peHumwari, kuti takadzokera sei ndokuwana Mwari vakaita somuraraungu mukuru une Mweya yose yakasiyana, zvaWakange uri? Uyezve Rogosi yakabuda muna Mwari, ikazova tiyofani, uye yakanga iri muchimiro chomunhu. Zvino Mosesi akaIona ichipfuura, muhwangwadza yedombo. Uye zvakare tiyofani iyoyo yakazoitwa nyama yemunhu vemazvirokwazvo, Kristu.

Uye takazoonza kuti isu, kubudikidza nyenyasha dzaKe, tine Hupenyu Husingaperi. Zvino, izwi rokuti *narinhi* “kwechinhambwe; kwechikamu chenguva.” Rakati, muBhaibheri, “Narinhi *narinhi*,” chibatanidzo. Asi *narinhi* chete zvinoreva “chinguva.” Asi Ziendanakuenda zvinoreva nokusingaperi. Uye bedzi chinhu chose chine mavambo chine magumo, asi zvinhu zvisina mavambo hazvina magumo. Saka Mwari vakanga vasina mavambo uye haVana magumo.

⁵⁷ Uye saka, naizvozvo, Merkizedheki, Muprista mukuru, semunhu, Akanga asina mavambo uye haAna magumo. Zvino apo isu, kubudikidza netiyofani iyoyo, kuti, takaitwa mumufananidzo waMwari nyika isati yambogadzirwa; tiyofani iyoyo payakaitwa nyama ikagara pakati pedu, zvino, kubudikidza norufu rwaKe, isu pachedu tinogamuchira Mweya waKe uye hatina magumo; Hupenyu Husingaperi; kwete Ngirozi, asi varume nevakadzi. Oo, ini...Neimwe nzira, dai ndaingozviwana nenzira yekuti vateereri vangu—vangu vaizozvibata! Hauzombofi wakava Ngirozi. Mwari vakagadzira Ngirozi, asi Mwari vakagadzira munhu. Uye izvo Mwari zvavanoita zvinobva pana Mwari, zvinova zveKusingaperi sezvakaita Mwari. Uye munhu anongova Wekusingaperi seMusiki wake, nekuti akaitwa kubva muna Ziyendanakuenda.

⁵⁸ Asi chivi chine magumo, kutambura kune magumo. Nokudaro, hakungavi negehena reKusingaperi. Kune gehena, moto nesuruferi, tinozviziva izvozvo, asi hakuna gehena reKusingaperi. Pane mhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi uye ndehwaMwari. Kana uchizotambura nokusingaperi, une Hupenyu Husingaperi. Gehena rine magumo, anogona kunge ari mabhiriyoni emakore, asi rinozopedzisira rasvika kumagumo.

⁵⁹ Bhaibheri haritauri, chero papi zvapo, kuti vakatambura Nokusingaperi, rakati, “Narinhi *narinhi*.” Jona akafunga kuti aiva ari mudumbu rehove “*narinhi*,” zvakare. *Narinhi* ine chinhambwe kana muganhu wenguva. Asi Ziendanakuenda hariperi, harina mavambo kana magumo. Rakafanana nemhete, denderedzwa. Uye senguva yedu ichifambira mberi, tiri mukutenderera chete pazvinangwa zvikuru zvaMwari.

⁶⁰ Chinangwa chaMwari chakanga chiri chokugadzira munhu ari mumufananidzo waVo, kuti ayanane naVo. Uye Vakamuita munhu anobatika. Zvino, chivi chakatipinza munzvimbo ye—ye—yehuori, asi izvozvo hazvimbomise chirongwa chaMwari. Uye, shamwari mutadzi, nhasi, kana usina kuzvarwa patsva neMweya waMwari, une magumo pane imwe nzvimbo. Uye magumo ako inyonganyonga, mukuparadzwa, nekutambudzika nekusuwa. Asi kunewe wakatenda muna Ishe Jesu, uye ukagamuchira mumwe cheteyo seMuponesi wako pachako, zvinongova zvemuna Ziendanakuenda saMwari vari vemuna Ziendanakuenda. Hauna magumo, “Ndinovapa *Zoe*

Yekusingaperi, Hupenyu hwaMwari pachaVo, uye havazofi vakaparara kana kuuya mukutongwa kunyangwe, asi vadarika vachibva murufu vachienda kuHupenyu.” Ndizvo zvaVaiva. Ndizvo zvaVakauira.

⁶¹ Zvino, Jesu, mukuuya kwaKe, kwehuprisita hwaKe, haana kungouya nekuda kwekuzonzwirwa tsitsi bedzi. Vanhu vazhinji vanozvidzidzisa saizvozvo, kuti Akauya, achiti, “Saka, pamwe kana ndikatambura, ndichava chiono chi—chi—chinosiririsa uye vanhu chokwadi vachauya kwaNdiri.” Kukanganisa. Hakuna Gwaro raizvozvo.

Nokuti, munhu wose achazoponeswa, Mwari vakavaziva nyika isati yatombovambwa. Bhaibheri rakataura kudaro. Mwari havasi kuda, zvino, kuti chero munhu aparare. Vanoda kuti vose vasvike pakutendeuka. Asi, zvavari Mwari, nokufanoziva Vakavaziva.

⁶² Tarisai muna VaRoma, chitsauko 8. Pauro akanga akabata kumusoro uko, achitaura pamusoro pekusanangura kwaMwari, kuti, “Esau naJakobho, vana ava pahuviri hwavo vasati vaberekwa, kana chero chinhu, Mwari vakataura kuti Vakavaziva uye Vakavenga Esau uye vakada Jakobho,” mukomana mumwe nemumwe asati ava—ava nemukana wokuratidza kutenda kwavo, nokuti Vakanga vari Mwari. Vanoziva . . . Havana magumo. Kana Vasingagumirwe, Vakaziva nhata yose, nhunzi yose, unyunyu hwose, zvinhu zvose zvaizova panyika, Vaizviziva. NdiMwari vasina magumo, vomuna Ziendanakuenda, vasingafi, vakaropafadzwa, vane masimba ose, vari pose-pose, vanoziwa zvose. Hapana chinhu chaVasingazive. Ndicho chikonzero Vachikwanisa kutaura kuti kumagumo kuchavei. Vaiziva magumo kubva kumavambo.

⁶³ Chiri chiporofita chinongori ruzivo rwaVo chete. Ndivo gweta guru. Ivo—ndiVo—ndiVo Mutongi. Uye Vanongotaura kune gwe—gweta humwe huchenjeri hwaVo. Uye ndizvo zviru chiporofita, chinogona kufanozvitaure, nekuti Vanoziwa zvichazoitika. Zvino, havo Mwari vatinoshumira. Kwete mwari wenhorondo, kwete semaBhudha nevaMohamedi, nevamwe vakadaro. Asi, Mwari vari kwese-kwese, iko zvino pano, mangwanani ano, mutabhanakeri ino iko zvino; JEHOVHA mukuru, NDIRI, Akazviumba pachaKe mukuzvinipisa, kuti atore chimiro chenyama inotadza. Heunoi Uyu. Ndiye Akakudzikinura. Hakungave kuine mumwe, hakuna, chero nguva zvayo anogona kuzviita.

⁶⁴ Mwari vakanga vasina vanhu vatatu kumusoro uko, zvino vakatumira mumwe wacho, Mwanakomana waVo. Vaive Mwari, pachaVo, vakauya muchimiro cheMwanakomana. Mwanakomana ane mavambo, uye Mwanakomana wacho aive nemavambo. Kutu, vamwe venyu imi vanhu vanodikanwa vechiKatorike, ndakawana bhuku renyu, *Zvokwadi*

Yekutenda Kwedu, rakati, “Humwanakomana Hwekusingaperi hwaMwari.” Muchataura sei izwi iroro? Muchariita sei kuti rirerve zvine musoro? Ringave Rekusingaperi sei? Harisiro Bhaibheri. Ibhuku renyu, “Humwanakomana Hwekusingaperi.” Hava...Shoko iroro harina kunaka. Nokuti, chinhu chose chiri mwanakomana chine mavambo, uye Nokusingaperi haina mavambo, saka hausi humwanakomana Hwekusingaperi. Kristu akava nyama akagara pakati pedu. Akanga aine mavambo. Paisava nehumwanakomana Hwekusingaperi. Humwari Hwekusingaperi, kwete humwanakomana. Zvino, Akauya kuzotidzikinura, uye Akatotidzikinura.

65 Zvino, Pauro, achisvika ipapo, izvo zvandine chokwadi chekuti kuburikidza nezvidzidzo zvakapfuura makazvinzwisisa. Tichazvidzokorora zvakare, imwe nguva, Ishe vachitendera, ndima nendima. Zvino.

Naizvozvo nokuva...tichisiya nhe—nheyo
dzepamavambo dzedzidziso dzaKristu, ngatipfuurire
mberi pakukwaniswa;

66 Zvinovagumbura, hazvidaro here? Ngatiitei chii?

...ngatipfuurire mberi pakukwaniswa; tisingaisizve
nheyo...

67 Tarisai izvi. Ngatitorei izwi iri “kukwaniswa.” Munoziva here kuti pane nzira imwe chete yaunomira nayo muHupo hwaMwari? Ndiko, kukwana. Mwari havagamuchiri zvinhu zvisiri zvitsvene.

68 Uye imi vezvemitemo: mungambozvikwanisa sei pachenyu, apo musina kana chinhu chimwe chete chokuzvikwanisa nacho? Wakazvarirwa muchivi. Kuumbwa kwako chaiko kwaiva muchivi. Chishuwo chacho chekuti iwe uve pano chaive chivi. “Waberekerwa muchivi, ukaumbwa mukusarurama, wakauya panyika uchitaura nhema.” Zvino uchamira papi?

69 Apo iwe, mutadzi, wa—wakati, “Ndicharega kusvuta. Ndichaenda Kudenga”? Uripiko, Mukristu anongodziya, wechinyakare, wezita, anofamba achitenderera nzvimbo ino nechiso chakareba achitaura, kuti, “Saka, ndiri wekuhechi”? Iwe mutadzi. Ndizvozvo. Kunze kwekunge wakabarwa neMweya waMwari, wakararika. Ichokwadi.

70 Uchaenda sei Kudenga? Unoti, “Handina kumbonyepa muhupenyu hwangu.” “Oo, mudikani. Ya—yaingova Ngirozi, pakutanga kwacho.” Inhema idzodzo. Handina basa kuti wakanaka sei; uri mutadzi. Uye hauna chinhu chimwe chete; hakuna muprista, hakuna mubhishopi, hakuna mukadhinari, hakuna papa, kana chimwe chinhu chinogona kukuponesa, nokuti anongova muchimiro chimwe chete chauri. Tiri kupinda mazviri mumaminitsi mashoma. Kungova muchimiro chimwe chete. Akanga ari...papa wekuRoma akaberekerwa muchivi,

akaumbwa mukusarurama, akauya munyika achitaura nhema, akazvarwa nechishuwo chekusangana chepabonde kwemurume nemudzimai. Ndekupi kwauchawana kururama kubva mazviri?

71 “Handiti, baba naamai vake vakazvarwa nenzira imwe chete, uye vakazvarwa nenzira imwe chete, uye ambuya nasekuru vake uye zvichidzokera kumashure.” Chinongori chivi, pakutanga kwacho!

72 Saka ndiani angati *ichi* chitsvene uye *icho* chitsvene? Pane chinhu chimwe chete chitsvene, ndiJesu Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu, Akaitwa akakwana. Uye zvinodiwa kwatiri kuti tive vakakwana. Zvino, tichava izvozvo sei? Zviedze, pachako. Ndingavenga kuedza kuenda Kudenga nekukodzera kwekuti, “Ndazvarwa maminiti mashanu apfuura, uye ndiri kubuda munyika izvozvi.” Ndinenge ndakarasika. Dai ndisina kumbova nepfungwa yakaipa muhupenyu hwangu, dai ndisina kumbotaura shoko rakaiwa muhupenyu hwangu, dai ndisina kumbotarira chero chinhu chakaipa, ndisina kumbobvira ndakafunga chero chinhu chakaipa, pasina kana, ndingori ndakazara netsvina uye ndiri mutema semadziro egehena azere netsvina. Ndiri mutadzi.

73 Ndinogona kuuya nemuhupenyu ndogara ndakakiirwa mukamuri, uye sedzimwe hanzvadzi dzechiCarmelite kana zvimwewo, uye ndorega zvachose kuona nyika, ndogara imomo uye ndonamata hupenyu hwangu hwese, ndoita zvakanaka, ndakazvarwa ndiri muzvina mamirioni uye ndopa varombo zvese zvandinazvo, zvino ndichiri mutadzi uye ndinoenda kugehena. Hongu, changamire.

74 Ndinogona kujoinha chechi yeLutherani, Baptisti, Pentekosti, Presbyteriani, ndichiri mwana mudiki kwazvo, ndigorarama ndakatendeka kucheche iyoyo kusvika makore zana, zvino hupenyu hwangu hwatorwa, uye pasina munhu aigona kunongedza munwe wavo pandiri uye vachiti “Haana kutombova kana nepfungwa yakaipa,” ndinoenda kugehena zvechokwadi sokungomira kwandakaita.

75 Ndiri mutadzi. Ndizvozvo. Handina chinhu. Hapana nzira, zvachose, ndaigona kuwana chero—chero mutengo unobhadharwa. Mwari vaida rufu. Uye kana ndikapa hupenyu hwangu pachangu, kana ndikapa hupenyu hwangu, zvino ndingatendeuka sei? Nokuti, iwe...Chikwereti chinofanira kubhadharwa, kutanga. Uye Mwari ndivo Vega vaikwanisa kuisa hupenyu hwaVo pasi uye voHutora zvakare. Kuitira kuti Vakwanise kuva chivi, uye voradzika Hupenyu hwaVo pasi nekuHutora, zvino vozvidana kuti “nduramo,” uye chikwereti chabhadharwa. Hezvoka izvo.

76 Zvino ngativhurei kuna Mateo, sepachitsauko 8, ndinotenda ndicho, chitsauko 7 kana 8. Tichaona zvinotaurwa naJesu

neche pano. Zvakanaka. NdiMateo, chitsauko 5. Uye... Jesu, kuparidza, achiparidza muzviropafadzo, ndima 47.

Zvino kana imi muchikwazisa hama dzenyu bedzi, imi zvii zvamunoita zvinopfuura vamwe? ko havadaro kunyangwe navateresi...? (Tarirai.)

Asi naizvozvo imi muve vakakwana, ... (Chii?)

Naizvozvo imi muve vakakwana, kunyangwe saBaba venyu vari kudenga vakakwana.

Ndiwo waiva murairo waJesu, “Ivai saizvozvo.”

⁷⁷ Vanoti, “Hapana anogona kuva akakwana, Bhaibheri rakati, ‘Hakuna akakwana.’ Hekuno kuzvipikisa kwacho.” Ndzivo? Zvakanaka.

⁷⁸ Haugone kuva wakakwana pachako. Kana uchivimba mune zvawakaita, wakararika. “Naizvozvo imi muve vakakwana, kunyangwe sekungokwana saMwari vakakwana.” Zvino:

Naizvozvo muve vakakwana, kunyangwe saBaba venyu... kudenga vakakwana.

⁷⁹ “Naizvozvo...” Zvino chitsauko 5, chitsauko 6 chaVaHebheru.

Naizvozvo tichisiya nheyo dzepakutanga dzedzidziso yaKristu, ngatipfuurire mberi pakukwaniswa;...

⁸⁰ Zvino, imi, Branham Tabhanakeri. Oo, ndinoziva, “Tine kupodzwa.” Zvakaisvonaka. “Tine zviratidzo.” Oo, zvaka—zvakanaka. Uye mune zviroto zvemweya, uye dzimwe nguva hazvisi zviroto zvemweya. Uye—uye dzimwe nguva imi... “Isu, tinoedza kubatsira varombo. Tinoita zvatinogona.” Oo, zvakanaka, asi handizvo zvatiri kutaura nezvazvo zvino. Tiri kupinda mune chimwe chikamu.

...kusiya... dzidziso...

⁸¹ “Oo, hongu, tine dzidziso yaKristu. Tinotenda kuti Aive Mwanakomana waMwari, akaberekwa nemhandara. Tinozvitenda izvozvo, nezvinhu zvose izvi.” Zvakangonakisa.

⁸² Asi, “Tichisiya izvozvo, ngatiendererei mberi kusvika pakukwaniswa.” Oo, ini zvangu! Ndinoshuva kuti dai ndaiva neinzwi remutumwa mukuru zvino, kuti ndiunze izvi panzvimbo yamungagona kuzviona. Zvino anoti, “Tichisiya dzidziso yose yaKristu,” va—vazidzi vese vebhaibheri, nedzidziso yese yebhaibheri yatinoziva, zvese pamusoro peHumwari hwaKristu, kuti Aiva Mwari akaitwa nyama, zvimwe zvinhu zvose izvi.

⁸³ Pauro anoendera mberi nekuzvitsanangura zvese pano, mumaminitsi mashoma chete. Ngatingozviverengei, zvishoma chete, tisati tasvika kwazviri.

...kuisazve nheyo dzekutendeuka kubva pamabasa akafa...

Zvino, tinozvitenda izvozvo.

. . . uye nekutenda kuna Mwari,

Tinozvitenda izvozvo.

Uye nezvedzidziso dzerubhabhatidzo, . . .

Kuti unofanira kubhabhatidzwa sei, tinozvitenda izvozvo.

. . . nedzokuisa maoko pamusoro, . . .

Tinotenda mukuturika maoko, hatidaro here? Maona, zvose izvozvo, chokwadi.

. . . nedzokumuka kwevakafa, . . .

⁸⁴ Tinozvitenda izvozvo. Zvino tarisai. Munoono pano, “Kutongwa,” kunoshandiswa, “Nokusingaperi.” Kunogara nokusingaperi. Kana kutongwa kuchitaurwa naMwari, kunogara nokusingaperi. Zvino, hapangazovi nekuyananiwa zvakare mushure mekunge kutongwa kwaitwa. Zvino munokwanisa kunzwisisa kuti sei Mwari vaifanira kutora waVo pachaVo—waVo pachaVo, sezvatingaudana kuti, Mushonga waVo pachaVo. PaVakatongera munhu nekuda kwekutadza, nzira yega yaVaikwanisa kuyananiwa nayo, yaive yekutora nzvimbo yemunhu wacho pachaVo. Ndiyo chete nzira yaanogona kuyananiwa nayo, kana kuti yaikwanisa kutiyananiwa, kwaive kutora nzvimbo yedu zvino ova mutadzi. Mwari, Jehovha, vakava mutadzi, uye Vakapa Hupenyu hwaVo.

⁸⁵ Zvino, unogona kupa hupenyu hwako, semutadzi, kufira chikonzero. Pauro akati, “Kunyange ndikapa mutumbi wangu kuti upiswe sechibairo, zvakadaro handisi chinhu,” nekuti hazvishande. Munoono, paunofa, waenda. Ukafa semutadzi, wakararika.

⁸⁶ “Asi Mwari vakadzika vari munyama, ndokupomera chivi chiri munyama, vachinge vaitwa nyama inotadza.” Nokuti, Vakanga vari Mwari Wokusingaperi, uye vakamutsa mutumbi waVo pachaVo, saka ndiVo Mururamisi.

⁸⁷ Zvino, zvinhu zvose izvi, “Ngatiendererei mberi pakukwaniswa,” akadaro Pauro. Zvino chii?

. . . dzokutongwa kusingaperi.

. . . izvi tichaita, . . . Mwari vachitendera. (ndima 3.)

⁸⁸ Zvino, “Pfuurirai mberi pakukwaniswa.” Jesu akati, “Naizvozvo ivai vakakwana, saBaba venyu vari Kudenga vakakwana.”

Uye tiri, tose, takapomerwa. Hazvina mhosva kuti chii chatinomboita, takapomerwa. Takazvarwa, takapomerwa. Amai vako nababa vako vakazvarwa, vakapomerwa. Ako, madzitateguru ako ose akaberekerwa muchivi, akaumbwa mukusarurama. Saka unozokuwana sei? Uchava wakakwana sei? Kana usina kumboita chinhu, usina kumboba, usina

kumbonyepa, usina kana chawakamboita muhupenyu hwako, uchiri wakapomerwa. Wakanga wakapomerwa usati wafema mweya wako wekutanga. Wakanga wakapomerwa. Ndizvozvo. Uye wakatongwa naMwari usati wafema mweya wako wekutanga. Nokuti wakatongwa, nechido chekusangana pabonde kwababa namai vako avo, kubudikidza nechiiito chavo, vakakuunza panyika pano. Uye Mwari vakazvipomera, pakutanga. Wakapomerwa, pakutanga kwacho. Saka apo iwe. . . Uye mumwe munhu wese panyika akapomerwa pamwe chete newe. Zvino uchawanepi kukwaniswa?

⁸⁹ Tarisai. Ngativhurei kwechinguvana kuna VaHebheru, chitsauko 10. Nyatsoteererai. Ndinoda kuverenga zvisihoma kubva muchitsauko 9, kutanga, ndima 11.

Asi Kristu wakati asvika ari muprista mukuru wezvinhu zvakanaka zvinouya, netabhenakeri yakapfuura pakukura nepakukwana, tabhenakeri yaKe pachaKe, nyama yaKe, . . .

⁹⁰ Munoono, tabhenakeri yekare. . . Mazvicherechedza here? Tabhenakeri yekare yakanga ine chidzitiro mairi, chaiviga areka paigara Mwari. Vangani vanozviziva izvozvo? Chokwadi. Zvakanaka, tabhanakeri yakare iya yakagadzirwa nevanhu pano, maketeni ematehwe embudzi akadhaiwa, nezvimwe zvakadaro, akaitwa tabhanakeri yokuvanza Hupo hwaMwari. Vangani vanoziva kuti murume mumwe chete aikwanisa kupindamo kamwe chete pagore? Zvirokwazvo. Aiva Aroni, aipinda kamwe chete pagore. Uye aifanira kunge akazodzwa. Uye—uye, oo, chacho chinodiwa! Uye aifanira kuva nemoto muruoko rwake; zvino kana akaenda asina izvozvo, aifa paaingozarura chidzitiro ichi. Aidonha achifa. Aifanira kupindamo otungidza zvigadziko zvemwenje izvi, osasa chigaro chetsitsi chaidanira, ropa rerufu, raimiririra rakadaro, kusvikira Kristu auya kuzozvizadzisa.

⁹¹ Zvino, asi, Mwari vakabva vava mune imwe mhando yetabhanakeri. Zvino tabhenakeri iyi yaiva Ani? Jesu. Zvino Mwari vakanga vari muna Jesu, uye Vakanga vakavanzwa, asi Vakanga vachiyananisa nyika kwaVari, nokutaura kwaVo. Kristu akazarura Mwari. Akati, “Handizi Ini ndinoita mabasa. NdiBaba vaNgu vanogara maNdiri. Handina chandinoita pachaNgu asi chaNdinoona Baba vachiita. Baba vari maNdiri, vachiNdiratidza zviratidzo izvi, uye zvakare Ndinoenda ndonoita izvo chaizvo zvaNdauzwa naBaba kuti ndiite.” Mazvibata here? Mwari vakanga vari mumutumbi womunhu, kwete seri kwematehwe embudzi akadhaiwa, asi vakanga vari vapenyu, vachifamba. Mwari vaive nemaoko; Mwari vaive netsoka; Mwari vaive nerurimi; Mwari vakanga vane maziso; uye vakanga vari Kristu. Hapo paVaiva.

⁹² Zvino, Akaenda, uye Mweya wakapinda imomo, kuti kubudikidza nerufu rwaKe Agokwanisa Chechi nokuunza Chechi kuti izviise pasi. Uyezve Mweya mumwe chete wakanga uri muna Kristu uri muChechi, uchiita zvinhu zvimwe chete zvakaitwa naKristu. “Kwechinguvana uye nyika haichazoNdioni zvachose; asi imi muchaNdiona, nekuti Ndichava nemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika.”

⁹³ Zvino teererai kune izvi.

Asi Kristu wakati achiva muprisita mukuru wezvinhu zvakanaka zvinozouya, kubudikidza netabhanakeri yakapfuura pakukura napakukwana, isina kuitwa nemaoko, ndiko kuti, kwete yeimba ino;

Akanga asina kugadzirwa nemaoko. Ko akazvarwa sei? Akaberekwa nemhandara.

Kwete kana neropa rembudzi neremhuru, mutumbi uyu hauna kana kumbobairwa kana kucheneswa, asi neropa rake pachake. . .

⁹⁴ Munoziva kuti ropa rinobva kumunhurume. Zvino ipapo mumwe munhu akati, “Oo, Jesu akanga ari muJudha.” Akanga asiri muJudha. “Oo, takaponeswa neropa rechiJudha.” Kwete, hatina. Kana takaponeswa neropa rechiJudha, tichakararika.

Jesu akanga asiri muJudha, uye Akanga asiri Murudzi. Aiva Mwari: Mwari Baba, Mweya, Uyo asingaoneki. “Hapana munhu ati amboona Mwari panguva ipi zvayo, asi akaberekwa ari oga waBaba akaVazivisa.” Akaratidza Mwari, zvaiva zviru Mwari.

⁹⁵ Zvino Chechi yaKe inofanira kuratidza Mwari, kuratidza izvo zviru Mwari. Maona?

Tinoita sei? Tinozvigadzirira sangano, uye, “Ini handinei nechekuita *navo*. Ivo maMethodisti. Ivo maPresbyteriani. Handidi kana nechekuita *navo*. Ndiri muBaptisti. Ndiri muPentekosti.” Huh! Wakarasika, nemhando iyoyo yezvinangwa. Ndizvozvo.

⁹⁶ Ndiani angaganza? Ndiani angataura chero chinhu? Tarisai kunyadziwa kwaunzwa nemaPresbyteriani. Tarisai kunyadziwa, maBaptisti. Tarisai kunyadziwa, maKatorike. Tarisai kunyadziwa, maPentekosti, maNazarene, Pilgrim Holiness. Tarisai vamwe vose.

Asi, ndinokudenhai kuti munongedze ruoko rumwe, mukunyadzisa, pane Izvo. Hongu. Nongedza munwe mumwe chete, Mwari Samasimba pavakati, “Uyu ndiYe Mwanakomana waNgu anodikanwa wandinofarira kugara maari. Munzwei.” Heunoi Uyo. Ndiye Uya akakwana.

⁹⁷ Zvino, ngativerengei mberi zvisvoma pano zvino.

Kana neropa rembudzi...mhuru, asi neropa rake chairo akapinda kamwe chete munzvimbo tsvene, ndokunge atiwanira rudzikinuro rusingaperi... (Muri kuzvibata here?)...rudzikinuro rusingaperi kwatiri.

⁹⁸ Kwete kudzikinurwa nhasi, uyezve, vhiki rinouya panotanga rumutsiro, wodzikinurwa zvakare, uyezve, oo, tinodzokera shure uye todzikinurwa zvakare. Wakadzikinurwa kamwe, nekusingaperi. Ndizvozvo chaizvo. Hapasisina kudzikinura, kudzikinura, kudzikinura. “Rudzikinuro Rwekusingaperi!” “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi, uye haangatonguyi mukutongwa, asi anotenge,” zvakatopfuura, “apfuura kubva murufu kuenda kuHupenyu.” Nokuti akazunguzika? Nokuti akabhabhatidzwa neimwe nzira? Nokuti akanga aine ropa muruoko rwake? “Nokuti akatenda muMwanakomana waMwari akaberekwa ari oga.” Ndiwo mawaniro atinoita rudzikinuro Rusingaperi.

⁹⁹ Teererai zvino.

Nekuti...ropa renzombe nerembudzi, namadota ematsiru zva—zvakasasa...kusasa vakasvibiswa, zvinotsvenesa kuti vacheneswe panyama:

Zvikuru sei ropa raKristu, uyo kubudikidza noMweya usingaperi akazviita chibayiro chisina gwapa kuna Mwari, wakanatsa hana dzedu pamabasa akafa kuti tishumire Mwari mupenyu?

¹⁰⁰ “Takabva murufu kuenda kuHupenyu.” Une basa rei nezvinofungwa nenyika? Une basa rei nezvinofungwa nemuvakidzani wako? Hana yedu yakafa, uye takavandudzwa nekuzvarwa patsva neMweya waMwari, kushumira Mwari wechokwadi uye mupenyu. Hezvoka izvo.

¹⁰¹ Zvino dzikai kundima 10, chitsauko 10, waro, kune rimwe divi repeji.

...murairo zvaune mumvuri wezvinhu zvakanaka zvinouya, usati uri mufananidzo chaiwo wezvinhu izvozvo, haangatongogoni naizvozvo zvibairo zvavanoramba vachibaira gore rimwe nerimwe zvigoramba zvakaita kuti vanouyako v-a-k-w-a-n-i-s-w-e.

K-u-k-w-a-n-a, kuripo, “Kukwana.”

...tichisiya nheyo dzokutanga dzedzidziso yaKristu, ngatipfuurire mberi pakukwaniswa;...

Ndizvozvo muve vakakwana, saBaba venyu...vari kudenga kwakakwana.

¹⁰² “Murairo zvaune mumvuri wezvinhu zvakanaka zvinouya,” zvirongwa zvese nerubhabhatidzo ne...zvime zvinhu

zvese zvavaive nazvo, “hazvaigona kuita kuti munamati ave akakwana.” Asi, zvakadaro, Mwari vanoda “zvakakwana.”

103 Ukajoinha chechi yechiNazarene, haifi yakakuita kuti uve wakakwana. Ukajoinha chechi yeBaptisti, Pentekosti, chero zvaingava, haife yakakuita kuti uve wakakwana. Iwe uri munhu akanaka, akavimbika, hazvifi zvakakuita kuti uve wakakwana. Hauna kana chinhu chimwe chaunokodzera. Hapana chinhu nezvako, chekuti ukodzere. Wakarasika. Unoti, “Saka, ndakachengeta murairo. Ndinochengeta sabata. Ndinochengeta *izvi*, rairo dzose dzaMwari. Ndinoita *izvi*.”

104 Pauro akati, “Ngatiise parutivi zvinhu zvose izvozvo zvino.”

105 “Zvakanaka, asi tichaita *izvi*. Tichabhabhatidza vanhu, uye tichaisa maoko pamusoro pavo kuti vapodzwe nezvimwe zvakadaro.”

106 Tinogona kuzvitora, ndima nendima, chimwe nechimwe chezvinhu izvozvo. Rubhabhatidzo, tinorwutenda. “Kune tariro imwe chete, Ishe vamwe chete, Kutenda kumwe chete, Rubhabhatidzo rwumwe chete.” Tinotenda kuti kune rubhabhatidzo. Tinotenda mukumuka kwevakafa. Zvemazvirokwazvo. Tinotenda kuti Jesu akafa akamukazve. Tinozvitenda izvozvo. “Kuturika maoko, kune vanorwara,” ndizvo zvarakataura. “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Tinozvitenda izvozvo.

Asi chii ichocho? Pauro akati, “Ose mabasa akafa.” Ndechimwe chinhu chaunoita.

107 “Zvino ngatiendei pakukwaniswa.” Oo, ini zvangu! Tiri kuuya muTabhenakeri, kwete nheyo; Tabhenakeri, Tabhenakeri pachaYo. Ndiyo nheyo: murairo, uye nekururama, ne—ne—ne—nekujoinha chechi, uye nokubhabhatidzwa, ne—nekturikwa kwemaoko. Izvo zvose zvirongwa zvechechi.

“Asi zvino ngatipindei mukukwaniswa.” Uye pane Mumwe chete akakwaniswa, ndiye Jesu.

108 Tinopinda sei maAri? “Kubudikidza nemaMethodisti?” Kwete. “Pentekosti?” Kwete. “Baptisti?” Kwete. “Kubudikidza nechero chechi ipi zvayo?” Kwete. “Roma Katorike?” Kwete.

109 Tinopinda sei maIri? VaRoma 8:1.

Naizvozvo zvino hakuchina kupiwa mhosva kune vari muna Kristu. . . vasingafambi vachitevera nezvinhu zvenyika ino, nyama, asi vachitevera nezvinhu zveMweya, vasingateereri kune izvo zviri kutaurwa nenyika.

110 Kunyangwe uchirwara, chiremba akati, “Uchafa,” hauzviteereri, hazvikunetse nepadiki zvapo.

¹¹¹ Kana vakakuudza, “Unofanira kuva muKatorike usati waponeswa, kana muPresbyteriani, kana kuti unofanira kuita *zvakati*,” usazviteerere.

“Naizvozvo hakuna kupiwa mhosva kune avo vari muna Kristu Jesu, vasingafambi nemutowo wenyama, zvinhu zvavanoona.” Zvinhu zvose zvaunoona nemeso ako ndezvepanyika.

¹¹² Asi zvinhu zvaunoona mumweya wako, kuburikidza neShoko! Shoko chiringiro chaMwari chinotaridza zvaVari nezvauri. Hareruya! Oo, ini zvangu! Rinokuudza. Iri ndiro Bhuku rega munyika rinokuudza kwaunobva, kuti ndiwe ani, uye nekwauri kuenda. Ndiratidze chero peji yezvinyorwa, chero kupi, nesainzi yese kana chero chimwe chinhu, bhuku rose rakanaka rakambonyorwa, hapana kana rimwe rawo rinogona kukuudza izvozvo. *Iri* ndiro chiringiro chaMwari, chinoratidza zvaVari uye nezvauri. Zvino, pakati ipapo pane mutsara weRopa, unoratidza zvaunogona kuva kana uchida kuita sarudzo. Hezvoka izvo.

¹¹³ “NoMweya mumwe chete,” zvino, VaKorinde Vekutanga 12. Tinopinda sei muMutumbi iwoyo?

“Nekukwazisana mawoko?” Kwete, changamire. “Nekujoinha chechi?” Kwete, changamire. “Nokubhabhatidzwa nenhendashure, kumberi? Muzita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene? Zita raJesu Kristu? Zita reRuva reSharoni, Hapa yemuMupata, Nyamatsatsi yaMangwanani? Chero chaunoda?”

Hazvinei nechokuita nazvo. “Ingori mhinduro yehana yakanaka kuna Mwari.” Asi zvakadaro tinopopotedzana, nekukakavara, nekuitisana nharo, nekupatsanurana, nekuita musiyano. Ndizvozvo chaizvo. “Asi ose iwayo mabasa akafa.” Tiri kuenda pakukwaniswa.

¹¹⁴ Ndizvo zvinhu zvandakaita. Mushumiri akakubhabhatidza. Kana akakubhabhatidza wakatarisa mberi, nemanhede, kana katatu, kana kana, kana kamwe, kana maitiro aakazviita, izvozvo hazvinei nechokuita naZvo. Wakangobhabhatidzwa mukuyanana kwechechi iyoyo, zvakadaro, uchiratidza kwechechi iyoyo: unotenda rufu, kuvigwa, nekumuka kwaKristu. Kuturikwa kwemaoko, kuporesa vanorwara, zvakanakisa, asi, zvose ndezvepanyama, zvino mutumbi iwoyo uchafa zvakare zvemazvirokwazvo sekurarama kwauri kuita. Uchafa zvakare. “Zvino ngatiisei parutivi zvinhu zvose izvozvo, uye tienderere mberi kusvika pakukwaniswa.”

¹¹⁵ Tinosvika sei pakukwaniswa? Ndizvo zvatinoda kuziva.

. . . Kristu *akakwanisa* . . .

“Mwari vakaisa pamusoro paKe kusarurama kwedu tose. Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, akaiswa mavanga

nokuda kwekusarurama kwedu, kurohwa kwakatiunzira rugare rwedu kwaiva paAri, namavanga aKe takaporeswa.” Ndiwo Mutumbi watinoda kusvika kwauri. Ndiwo Mutumbi. Sei? Kana uri muMutumbi iwoyo, haufe wakaona kutongwa, haufe wakaravira rufu. Wasunungurwa kubva kune rufu rwese, kutongwa, chivi, nezvimwe zvese, kana uri muMutumbi iwoyo.

¹¹⁶ “Unopinda sei maUri, muparidzi? Nokujoinha tabhenakeri iyi?” Wakarasika, zvakadaro. Haugone kujoinha, zvakadaro; hatina chero bhuku. “Tinopinda sei maUri? Nokujoinha imwe chechi?” Kwete, changamire. “Unopinda sei maUri?” Unozvarirwa maUri.

¹¹⁷ Vakorinde Vokutanga 12.

Nokuti noMweya mumwe isu tose takabhabhatidzirwa mumuviri mumwe, . . .

¹¹⁸ Norubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, tinobhabhatidzwa muMutumbi iwoyo, uye takasununguka kubva kuchivi. Mwari havachakuoni zvachose; Vanongoona Kristu bedzi. Uye kana wava muMutumbi iwoyo, Mwari havakwanisi kutonga Mutumbi iwoyo. VakatoUtonga nechekare. Vakatora mitongo yedu ndokutikokera mukati. Uye nokutenda, kubudikidza nenyasha, tinofamba nokugamuchira kuregererwa kwedu. Uye Mweya Mutsvene unotipinza mukuyanana uku naYe. “Uye hatichafambi zvakare tichitevera zvinhu zvenyika, asi tinofamba muMweya.”

Takamutswa, Shoko rakauya kwatiri. Akafa panzvimbo yangu. Ndakaitwa mupenyu. Hezvinu ndiri pano, uyo akambenge akafa muzvivi nomukudarika, ndikaitwa mupenyu. Zvishuwo zvangu zvese ndezvekuMushumira. Rudo rwangu rwese rwuri kwaAri. Mafambiro angu ose anoda kuva muZita raKe, kuti kwese kwandinoenda, chero zvandinoita, ndinoMukudza. Kana ndiri kuvhima, kana ndiri kuredza, kana ndiri kutamba bhora, kana—kana ndiri . . . chero zvandiri kuita, Ndinofanira kuva, “Kristu mandiri,” muhupenyu hwekuti, huchaita kuti vanhu vashuve kuva vakadaro; kwete kutaura-taura, kuita makuhwa, nekukakavadzana pamusoro pemachechi enyu. Mazvibata here?

“NoMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa muMutumbi iwoyo.” “Uye kana ndikaona Ropa, ndichakupfuurai.”

¹¹⁹ Teerera. Ngativerengei pamberi zvishoma pano, ndapota.

. . . izvo zvaisambogona kuita kuti anouya ave akakwana.

“Nekuti . . .” Ndimba 2, chitsauko 10.

Nekuti zvingadai zvisina kupera kubayirwa here?

¹²⁰ Dai izvozvo zvaigona kuita kuti munhu wacho ave akakwana . . . Zvino Mwari vanoda kukwaniswa. Dai kuchengeta mirairo, dai kuita mirairo yose, kwaikukwanisa, zvadaro hapana—hapana chikonzero chekuva nechimwe

chinhuzve; wakatokwaniswa kare. Nokuti, kana wakakwana, unogara Nokusingaperi. Nokuti, Mwari ndivo Vega vanogara Nokusingaperi, uye Mwari ndivo Vega vakakwana. Uye nzira yega yaunokwanisa kuva weKusingaperi, kuva chikamu chaMwari. [Hapana chinhu patepi—Mupepeti]

... *kana vanatswa kamwe chete* unofanira kuve...
hakuchinazve hana yechivi.

Chii? “Munamati angonatswa, kuti asave *nehana*...” Kana ukanyora dudziro yazvo, ndicho “chishuwo.”

... munamati kana *akanga anatswa kamwe chete*...
haachina chishuwo chechivi.

... kana munamati *akambonatswa kamwe*...

121 Unoenda kumusoro zvino uchiti, “Oo, hareruya, ndakaponeswa nezuro manheru. Asi, zvakanaka, Mwari ngavarumbidzwe, *mukadzi* akandiita kuti ndidzokere shure. Hareruya, rimwe zuva ndichaponeswa zvakare.” Iwe dofo risina kudzidziswa rinonzwisa urombo. Handizvo zvazviri.

122 “Munamati kana anatswa kamwe chete haachina hana yechivi,” Bhaibheri rakadaro. Teererai, tichienderera mberi tichiverenga, kweminiti chete.

Asi muzvibayiro izvozvo...sezvinorangarirwa pamusoro pechivi gore negore.

123 Zvino tichadzika zasi, kusvika pane ingaite ndima 8, mukuchengetedza nguva, uye nepandinoda kusvika.

Pamusoro paakati, *Zvibayiro* nezvipiriso *nezvibayiro zvinopiswa*...kuitira chivi *hamuna kuzvida*, uye hamuzvifariri izvozvo; *izvo zvinobayirwa nemurairo*;

124 Ndima 9.

Ndokubva azoti, *Tarirai, ndauya kuzoita kuda kwenyu*, Oo Mwari. *Anobvisa*...tora...*Anobvisa chokutanga*, murairo, *kuti aise chechipiri*.

125 Ndinoshuva kuti dai taiva nenguva yekugara pane izvozvo. Chero bedzi uri muPresbyteriani, kana muPentekosti, kana muBaptisti, kana muMethodisti, haVambogoni kuita chinhu newe. Vanofanira kubvisa zvole izvozvo, kutanga, munoono, kuti Vazokwanisa kuisa chechipiri. Chero bedzi uchiti, “Saka, ndiri muMethodisti.” Aa, handina chandinopesana nemaMethodisti, kana maBaptisti, kana maPentekosti. Asi, hama, izvozvo ha—izvozvo hazvina zvazvimoreva. Unofanira kuenda mberi kunokwaniswa, imo muna Kristu.

126 Tarirai izvi zvino, kweminiti chete.

Nokuda ikoku...*takaitwa vatsvene* kubudikidza *nechibayiro chomuviri waJesu Kristu kamwe chete* kuitira vose.

¹²⁷ Huh? Ngativerengei mberi zvisihoma, zvino tobata izvozvo. Rega zvisinine mukati tichiverenga, “Kamwe kuitira vose.”

Uye muprista mumwe nemumwe achimira zuva rimwe nerimwe achishumira kazhinji chibayiro chimwe chetecho, chisingagoni kubvisa zvivi:

Asi murume uyu, . . .

Wagadzirira here? Une here vhesi rako rakavhurika izvozvi, kuti zvisanzvenga, zvinoenda zvakananga kumoyo chaiko? “Asi Murume uyu.” Murume upi? Kwete papa weRoma, kwete bhishopi wechечи yeMethodisti, kana chero chechi zvayo.

Asi murume uyu, Kristu, wakati abayira chibayiro chimwe chete chechivi nokusingaperi, akagara kuruoko rwerudyi rwaMwari;

Kubva zvino achimirira kusvikira vavengi vake vaitwa chitsiko chetsoka dzake.

Tarisai. Hoyo achiuya.

Nokuti nechipo chimwe chete waka k-w-a-n-i-s-a, wakakwanisa. . .

“Kusvikira parumutsiro rwunotevera”? Izvozvo zvati chii?

. . . wakakwanisa nokusingaperi avo vakaitwa vatsvene.

Muri kuzvibata here? “Ngatipfuurirei mberi pakukwaniswa.”

¹²⁸ Zvino imi vanhu vehutsvene munoti, “Oo, hongu, tinotenda muhutsvene. Hareruya! Tinotenda mukucheneswa.” Asi muri kutora hwenyu. Munongorega *izvi* nekurega *izvo*. Munoziva kuti hamufanirwe kuzviita.

Kunze kwekunge Kristu azarura musuwo uye ozvimutsa kumoyo wako, zvino wobva wava nzvimbo apo chivi chakafa, nechishuwo, zvose zvakaenda. Zvino, Anobvisa kururama kwako pachako, Agone kuZvigadza mauri. “Uye ndiKristu, Mwanakomana waMwari, mauri, tariro yeKubwinya.”

. . . ngatipfuurire mberi pakukwaniswa;

¹²⁹ Tingava vakakwana sei? Kubudikidza nerufu rwaKristu. Kwete kubudikidza nekujoinha chechi. Kwete kubudikidza nemabasa edu akanaka, ayo atinoita. Zvose zvakanaka. Kwete nekuti takabhabhatidzwa nenzira *iyi* kana nenzira *iyu*. Kwete nekuti takapodzwa, nekuturikwa maoko. Kwete nekuda kwechimwe chezvimwe zvinhu izvi, “Tinotenda murufu, kuvigwa, nerumuko.”

¹³⁰ Pauro akati, “Ndingagona kutaure nendimi sevanhu neNgirozi,” ndidzo ndimi dzose dzinonzwiswa nendimi dzisingagoni kunzwiswa, dzinofanira kududzirwa, “Handisi chinhu. Kunyange ndine chipo chokuziva nokunzwiswa

huchenjeri hwise hwaMwari,” ndichigona kutsanangura Bhaibheri, kubva...kuribatandiza pamwe chete, “handisi chinhu.” Hazvina zvazvinonyanyobatsira kuenda kuchikoro apa, zvinoita here, kudzidza Bhaibheri? “Kunyange ndine kutenda kwekuti ndinogona kufambisa makomo...” Mbuserere dzekunamatira varwere hadzina zvakanyanya zvadzinoreva apa, ndizvo here? “Handisi chinhu. Kunyange ndikapa mutumbi wangu kuti upiswe sechibayiro.”

131 “Oo,” vanoti, “murume iyeye anonamata.”

132 “Asi haasi chinhu,” Pauro akati, “kusazova chinhu.”

133 “Nekuti pane ndimi, dzichaguma; pane zviporofita, zvichakundikana; pane zvimwe zvinhu zvose izvi, zvichakundika. asi kana icho chakakwana chasvika, icho chisina kukwana chichabviswa.” Munoono, icho “chakakwana.” Chii chakakwana? Rudo. Rudo chii? Mwari. “Ngatiise parutivi ose aya mabasa madiki akafa uye nezvirongwa, uye tiende mberi kunokwaniswa.” Muri kuzviona here? Tinokwaniswa kubudikidza nemuna Kristu. Tinopinda sei maUri? Nerubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene.

134 “Zvakanaka, chii chinoitika?” Wabva murufu uchipinda muHupenyu.

135 “Saka, ndinozunguzika here, kusvetuka, ndozviita here?” Iwe—iwe haudaro, hapana chaunofanirwa kuita. Wakatozviita kare, Mwari vakakuunza kubva murufu kuenda kuHupenyu, uye uri mupenyu. Zvino zvibereko zvehupenyu hwako zvinozviratidza.

136 Vazhinji venyu imi maMethodisti nemaNazarene makadanidzira zvakaomarara sokukwanisa kwamaigona kudaizira, moba chibage kubva muchimunda chemumwe munhu, ndizvozvo, moita zvese zvingagoneke.

137 Vazhinji venyu imi maPentekosti makataura nendimi, sokudira pizi padehwe remombe, chokwadi, makabuda mukatiza nemukadzi womumwe murume, mukaita mhando dzose dzezvinhu. HandiZvo, hama.

138 Usaedze kuva nekutekenyedzwa kana chimwe chinhu kuti chitore nzvimbo yeMweya Mutsvene. Kana Kuberekwa patsva kwasvika, unoshandurwa. Haufanirwe kuita chero chinhu kuti uzviratidze. Hupenyu hwako hunozviratidza, paunofamba. Uri rudo, rugare, kutsungirira, munyoro, kupfava, moyo murefu. Ndizvo zvauro, uye nyika yose inoona kuratidzwa kwaJesu Kristu mauri.

139 Zvino, kutaura nendimi, kudandizira imomo, zvinongova zvibereko zvinotevera mhando yeHupenyu uhu.

Uye unogona kutora, kutevedzera zvibereko izvozvo, uye worega kuva neHupenyu ihwohwo. Tinozviona. Vangani vanoziva kuti ichocho ichokwadi? Chokwadi,

unodaro. Zvirokwazvo unodaro. Ini zvangu! Unozviona zvakakupoterredza.

¹⁴⁰ Saka, hapana chaunogona kutaura kuti ndicho humbowo hweMweya Mutsvene, kunze kwehupenyu hwako hwaunorarama. Zvino, kana uchida kutaura nendimi, zvakanaka chose kana ukararama hupenyu hunozvitsigira. Ndizvozvacho chaizvo. Uye kana uchida kudanidzira, zvakarurama, zvakanaka. Ndinodanidzirawo, zvakare, ndinonzwa kufara kwazvo dzimwe nguva handitogoni kupfeka shangu; ndinotoda kusvetuka kubva madziri. Uye zvakanaka kwazvo. Ndinozvutenda.

¹⁴¹ Ndakaona zviratidzo, uye vanorwara vachipodzwa, vakafa vachimutswa. Apo ivo vakarara kunze ikoko zvino vanachiremba vofamba vachienda vachiti, “Vapera uye vaenda,” vakarara ipapo maawa mashoma; zvino Mweya Mutsvene wobva wanyatsodzika pasi woratidza chiratidzo, wodzika zasi ikoko womutsa munhu iyeye. Ndakaona avo vasinganzwi, mbeveve, nemapofu, nezvirema, vachifamba. Izvozvacho hazviiti . . . Zvinongova zviribereko chete.

¹⁴² Hama, kare-kare, nyika isati yava nenheyo piri, Mwari kubudikidza nyenyasha dzaVo dzemuna Ziyendanakuenda, Vakatarisa pasi, uye nokufanoziva Vakaona iwe neni. Vaiziva zera ratazorarama mariri. Vaiziva zvataizova. Nokudaro, kubudikidza nekusanangura, Vakatisarudza nyika isati yavambwa, kuti tive naVo tisina gwapa.

¹⁴³ Zvino, kana Vakatisarudza nyika isati yavambwa kuti tive maVari tisina gwapa, asi takazvarwa takazara makwapa, uye hapana chimwe chinogona . . . hapana chinogona kutichenesa, ko tichava sei tisina—ko tichava sei tisina gwapa? “Vakatuma Mwanakomana waVo akaberekwa ari oga, kuti ani naani anotenda maAri arege kuva nekuguma kwehupenyu, asi ave neHupenyu Husingaperi; haafanire kuparara, asi ave neHupenyu Husingaperi.” Zvino kana tauya maAri, nokutenda, kubudikidza nyenyasha tinoponeswa, noMweya Mutsvene uchidana kwatiri.

¹⁴⁴ Pasati pave nemutumbi panyika ino, mitumbi yenyu yakanga yakarara pano. Yakagadzirwa necalcium, potashi, hunyoro, chiedza chemuchadenga—chemuchadenga, nemafuta, nezvimwe zvakadaro, zvigadzirwa gumi nezvitanhatu. Zvino Mweya Mutsvene wakatanga kuvhumbamira nyika, “uchidana.” Zvino paWaidaro, chinhu chokutanga munoziva, svaku pakabuda ruva reEsta. Zvino Wakavhumbama pakabuda huswa, nedzimwe shiri, zvino mushure mechinguva, munhu akauya.

¹⁴⁵ Zvino, haVana kumbobvira vagadzira mukadzi kubva muguruva renyika. Akanga atogara ari murume, pakutanga kwacho; murume nemukadzi chinhu chimwe. Saka Vakatora kubva parutivi rwaAdhama, rumbabvu, ndokugadzira mukadzi,

mubatsiri wake. Zvino ndokubva chivi chapinda. Zvadaro mushure mekunge chivi chapinda. . .

146 Mwari havafi vakakundwa, zvisinei kuti chii chinoitika. HaVambofi vakakundwa. Ipapo, vakadzi vakatanga kuunza vanhu panyika. Zvino Mwari, kubudikidza nenyasha Dzisingaperi, vakaona kuti ndiani aizoponeswa, zvino Vakakudana. “Hakuna munhu anogona kuuya kwaNdiri, kunze kwekunge Baba vaNgu vamudana, kutanga.” “Kwete uyo anoda, kana uyo anomhanya, asi Mwari vanoratidza tsitsi.”

147 Unoti, “Handiti, ndakatsvaga Mwari. Ndakatsvaga Mwari.” Kwete, hauna kumbodaro. Mwari vakakutsvaga. Ndizvo zvazvaive pakutanga.

148 Akanga asiri Adhama aiti, “O Baba, Baba, ndatadza. Ko Muripi?”

149 Vaive Baba vaiti, “O Adhama, Adhama, ko uripi?” Ndiwo hunhu hwemunhu. Ndiwo maitiro emunhu. Ndizvo zvaakagadzirwa nazvo.

150 “Uye hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vamukweva. Uye vose vaNdinopiwa naBaba. . .” Hareruya! “Vose vanouya, Ndichavapa Hupenyu Husingaperi, uye Ndichamumutsa nezuva rokupedzisira.” Ivimbiso yakaropafadzwa sei, yakaropafadzwa sei, yaMwari veKudenga! Kwatinosvika manheru ano, uko, “Vakapika Vomene.” Hakuna mumwe mukuru. Unopika nemumwe mukuru kwauri. Hakuna mumwe mukuru, saka Mwari vakapika kwaVari. Tiri kupinda mazviri, maitiro aVakazviita uye nepaVakazviita; nekuita mhiko pachaVo, kuti Vaizotimutsa nokutiita nhaka yaVo pachaVo.

151 Oo, tinogona kumira zvakakwana uye zvakasimba sei, mangwanani ano! Unogona kutarisa sei, kana rufu rwakakutarira kumeso chaiko, unogona kutaura saPauro, “Rufu, rumborera rwako rwuripi? Guva, kukunda kwako kuripi? Asi Mwari ngavavongwe, Vanotipa kukunda kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu.” Hezvoka izvo. Sei?

152 “Oo, wakaita *zvakati-ne-zvikati*.”

153 “Ndinozviziva izvozvo, asi ndakafukidzwa neRopa raKe.” Hareruya!

154 “NoMweya mumwe chete, takabhabhatidzwa tose muMutumbi mumwe chete.” Imi maMethodisti, maBaptisti, maPresbyteriani, chero zvamuri, takabhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete. Tine kuyanana, uye tiri vagari vomuHumambo hwaMwari, tichipupura, kuti, “Hatizi venyika ino.”

155 Mwanasikana wangu mudiki akauya, rimwe zuva, akati, “Baba, kamusikana kadiki aka kakaita *zvakati-ne-zvakati*. Uye

vakaita *zvakati-ne-zvakati*. Takaenda kumba kwacho. Vakaita *zvakati-ne-zvakati*.” Ndikati. . . Akati, “Sei tisingaite izvozvo?”

156 Ndakati, “Mudiwa, hatisi venyika iyoyo. Vanorarama munyika yavo pachavo.”

157 Akati, “Tose hatifambi panyika imwe chete here?”

158 Ndikati, “Venyika, mudikani. Hatisi vevanhu ivavo.”

159 Bhaibheri rakati, “Budai kubva mavari, ivai makapatsanurwa, ndizvo zvinotaura Mwari.” Munoono, hamusi veizvozvo. Zvino kana Hunhu hutsva ihwohwo hwapinda mauri, haufanire kudhonzerwa kunze. Haudi kudzokera, semukadzi waRoti. Wakangozvarirwa, kunze kwazvo. Uye uri mune chimwe chiyero. Zvino izvozvo zvinoratidzika semarara kwauri.

Uye ino, America huru iyi, inoshamisa yatinogara mairi, yava nyonganyonga huru yazvo. Zvinhu zvose zvava ruchiva nevakadzi. Uye vakadzi mapfekero avari kuita, varume maitiro avari kuita, uye—uye nezvinhu zvavari kuita, zvino vozvidaidza kuti, “Makristu.”

160 Semuyenzaniso, Elvis Presley uyu, ndokuenda kunojoinha chechi yePentekosti zvino. Chokwadi, ipapo ndipo. . . Judhasi akawana masirivheri makumi matatu. Elvis akawana rundaza rwemaCadillac, ne—nemamiriyoni mashoma emadhora, nekutengesa hudangwe hwake. Arthur Godfrey. Tarisai izvozvo.

161 Tarisa kuno kuna Jimmy Osborne muLouisville, kunze uko neiyo boogie-woogie yekare, rock-and-roll, matakanana akare netsvina. Zvino neSvondo mangwanani, anatora Bhaibheri womira papuratifomu achiparidza. Zvinonyadzisa sei!

Ndosaka Bhaibheri rakati, “Tafura imwe neimwe izere nemarutsi.” Nhai, tiri kurarama muzuva rakaipisisa!

162 Uye vanhu vanoti, “Oo, vanonamata zvikuru.” Oo! Hauzivi here kuti dhiyabhore anonamata? Hauzivi here kuti Kaini aingonamata sezvaiva Abheri? Asi, akange asina Chizaruro. Ndizvozvo. Akanga asina Chizaruro.

Hongu, tese tinoenda kuchechi, asi kune vamwe vane Hupenyu, ndivo avo vane Chizaruro chaJesu Kristu mumwoyo yavo. Kwete nekuzunguzika, kusvetuka, kwete nekujoinha chechi. Asi, Chizaruro, Mwari vakaMuzarura.

163 Tarisai zvakataurwa, “Ko vanhu vanoti Ini, Mwanakomana womunhu, ndiri ani?”

164 “Vamwe vakati Muri ‘muporofita.’ Uye vamwe vanoti Muri ‘Eria.’ Uye vamwe. . .”

Ndokuti, “Asi imi munoti ani?”

165 Petro akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.” Zvaisabva pamiromo yake.

166 Akati, “Wakaropafadzwa iwe, Simoni, mwanakomana waJona, nekuti nyama neropa hazvina kumbozarura izvi. Hauna kumbodzidza izvi mune dzimwe—dzimwe tsika dzemuBhaibheri, kana chimwe chikoro chedzidzo yebhaibheri. Wakaropafadzwa iwe, nokuti nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri. Asi Baba vaNgu vari Kudenga vazvizarura. Zvino pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaikunde.”

167 Kana uri Mukristu, mangwanani ano, nokuti uri wekuchechi, wakararika. Kana uri Mukristu nokuti wakapfuura kubva murufu kupinda muHupenyu, wakasunungurwa kubva pakutongwa; uchipinda muna Kristu, uri kupinda mukukwaniswa nguva dzose. Mwari havagoni kuona kana chinhu chimwe chete. Unoti, “Saka, ndichambofa ndakakanganisa here?” Hongu, asi hauzviiite nemaune.

168 Zvino tiri kupinda mune izvozvo, mumaminitsi mashomashoma, “Nokuti uyo anotadza nemaune mushure mekunge agamuchira ruzivo rweChokwadi, hapachina chimwezve chibayiro chechivi.” Tinopinda mazviri manheru ano, nokuti nguva yati fambei zvino.

169 Ngativerengei dzimwe ndima shoma dzeizvi, kuti tinzwe zviri nani pamusoro pekudzika zvisroma. Zvakanaka. Saka, tichatangira pane izvozvo manheru ano, ndima 4. Teererai kune izvi.

Nokuti hazvibviri kuna avo vakambojekerwa, uye vakaita... uye vakave... uye vakaravira simba, zvipo zvekudenga, uye vakaitwa vagoverani veMweya Mutsvene,

Uye... vakaravira shoko rakanaka raMwari, nesimba renyika inoyika,

kana vakazotsauka, kuti vazvivandudze... kusvika pakutendeuka;...

Munoona? Zvino tinozviisa izvozvo muna VaHebheru 10, kuenda nekudzoka, kuratidza kuti ichi chii.

170 Shamwari, “Ngatipfuurirei mberi pakunokwaniswa.” Tine... hatizi... Hatina pembedzo nhasi. Hatina pembedzo, zvachose. Mwari veKudenga vakaonekwa mumazuva ano ekupedzisira uye vari kuita zvinhu zvimwe chete zvaVakaita kareko, paVaiva pano kumashure, paVakanga vari panyika. Varatidza, patiri kuuya nemuBhaibheri rino. Uye imi—imi, kirasi, munozviziva izvi, kuti takatora munana nemunana, uye chiratidzo nechiratidzo, uye chishamiso nechishamiso, zvaVakaita nevana murenje, zvinhu nezviratidzo zvaVakaita; zvinhu zvaVakaita paVaiva pano panyika, vachiratidzwa munyama; uye zvinhu zvimwe chetezvo zviri kuitika nhasi, ipo pano pakati pedu. Herino Shoko rokuzvisimbisa. Hechino

chinhu chinotaura kuti ndizvozvo, kuzvigadzirisa. Heuno Mweya waMwari uchiita chinhu chimwe chete, saka hatina pembedzo.

Ngatinamatei.

171 Baba veKudenga, tichiona kuti takakomberedzwa negore guru rakadaro rezvapupu, ngatiise parutivi shoko rose, zvinhu zvose, zvakaipa zvose, shoko rimwe nerimwe rakaipa, shoko rimwe nerimwe rakashata rakataurwa, pfungwa yese, “uye ngatimhanyei nomoyo murefu nhangemutange yakaiswa pamberi pedu, tichitarira kumuvambi nomukwanisi wokutenda kwedu, Ishe Jesu Kristu.” Oo ngarikudzwe Zita raKe risingaenzanisi uye dzvene! Kutu Akauya sei panyika kuzodzikinura munhu akawa, nekuvadzosa mukuyanana kwaIshe Mwari. Uye tinoKutendai nokuda kweizvi. Uye zvino nenyasha dzaVo. . . Hatina kumboVasarudza, asi Vakatisarudza. Vakati, “Hamuna kuNdisarudza, asi Ndakakusarudzai.” Riinhi? “Nyika isati yavambwa.”

172 Uye, Mwari vanodikanwa, kana paine vamwe vagere pano mangwanani ano, pamwe vakazviverengera izvi kwemakore nemakore, asi nguva dzose pane kakugogodza kadiki pamoyo. Pamwe vakajoinha chechi, vachifunga, “Saka, zvichaita zvakanaka.” Baba, chokwadi, Magwaro azvitsanangura mangwanani ano: kuti haugoni kuhwanda kuseri kwechechi, uye wova wakarurama; uyewo haugoni kuva wakanaka, usingarevi nhema usingabi nokusaita chinhu chipi nechipi chakaipa, uye woramba uri wakarurama.

173 Pane kururama kumwe chete kwatinako, kwete kwedu, asi kururama kwaVo. Vakakwanisa ruponeso rwedu. Naizvozvo, nokuva maVari, Mwari havaoni kukanganisa kwedu. Patinoita chero chinhu chakaipa, pane Mweya matiri, unodanidzira, “O Baba, ndiregerereiwu!” Zvino Mwari havazvioni. Uye ndizvo, tinounzwa mukuyanana nenyasha pamwe naVo. Zviitei, Ishe, tichivhara shumiro ino, muZita raKristu. Amen.

174 Kwechinguvana, ndinoda kukubvunzai. Zvisinei kuti unoitei, wakarasika. Teerera kune izvi. Imwe nguva yapfuura. . . Ndinogona kunge ndakambozvitaure kumashure. Hechino chiitiko chidiki chakaitika kwandiri.

175 Ndakanga ndiri kumusoro ku—kuToledo, Ohio. Ndaive murumutsiro uye—uye ndaive ndine musangano zasi ikoko nevanhu vakawanda kwazvo. Vaiziva mahotera andaive; naizvozvo vakandiendesa kunze uko kumaruwa. Ndakanga ndichigara kunze ikoko, pakamotera kadiki.

176 Tainge tichidyira pakarestorande kadiki kemaDunkard. Yakanga iri nzvimbo yakanaka kwazvo, madzimai madiki imomo, vangori seMakristu nekutaridzika sevatsvene sekukwanisa kwavo, vakachena uye vakanaka chaizvo. Svondo yavvika, ndakanzwa nzara. Ndaive ndatsanya zvisvishoma.

Uye ndaida kuyambukira mhiri kwenzira kune imwe, kunotenga zvishoma. Kanzira kadiki kari pakona, zvino paingova nenzvimbo yamazuva ose, yakajairika, yemuAmerica, yekudyira. Diki, vaive nenzvimbo diki, yekudyira, yaivhurwa husiku hwese. Pandakafamba ndichipinda imomo neSvondo iyoyo, nguva dzinenge two o'clock masikati, ndisati ndadzika kunoparidza masikati iwayo, ndakanga ndakabatikana, ndakanga ndisingazivi zvokuita.

¹⁷⁷ Ndakapinda mukati, zvino chinhu chekutanga chandakacherechedza aive mudzimai wechidiki angangoita makore gumi nematanhatu, gumi nemasere ekuberekwa, mudikanwi wevamwe baba, mudikanwi wevamwe amai, akamira kumashure ikoko nemukomana, nemaoko ake ari muchiuno chake. Boka revechidiki vabve vezera vakagara pa-pakaunda.

¹⁷⁸ Ndakanzwa muchina wekutamba njuga. Ndakatarisa neche *kuno*, zvino hepano pakamira mupurisa ipapo neruoko rwake rwakambundira mudzimai, kumusoro neche pano, pachiuo chake, uye achitamba nemuchina wenjuga. Zvino, munoziva kuti kubheja uye nemuchina wekutamba njuga hazvibvumirwe pamutemo muOhio, imi vanhu vekuBuckeye muno. Uye munoziva kuti hazvibvumirwe pamutemo. Zvino heuno mutemo, uchitamba nemuchina wenjuga; uye murume wezera rangu, pamwe akarooro, ane boka revana, pamwe atori sekuru. Mupurisa, ari pabasa rekupatirora pamugwagwa, achitamba nemuchina wenjuga. Hapo paiva newechidiki iyeye... Chii chinoitwa newezera rekuyaruka? Izvi zvakaitei?

¹⁷⁹ Ndakamira ipapo. Hapana akandicherechedza ndichipinda, vakanga vakabatikana kwazvo, hafu yavo vakadhakwa. Saka, ndakatarisa. Ndakanzwa munhu achiti, "Saka, unofunga here kuti mvura inonaya ichakuvadza muriwo werhubarb?" Uye ndakatarisa neche kuno, zvino hepano paive pagere mudzimai, mudzimai achembera, chaiye... Aiva nemakore makumi matanhatu nemashanu, makumi manomwe, ari pedyo nawo. Uye mukadzi anonzvisa tsitsi... Handipomere chero munhu kuti ataridzike zvakanakisa. Asi apo iye... Ainge azvigadziridza pachake, akaita vhudzi rake rive rebhuruu, raitaridzika bhuruu chaiyo. Uye rese rakadimburwa, pamusoro, ndokuriita bhuruu chaiyo. Zvino akanga akapenda zvakakora chaizvo, kana kuti zvamunodana zvinhu zvakaaiswa kumeso kwake, uye aine makwapa makuru. Zvino akanga akapfeka chikabudura chidiki chipfupi, zvino munhu wacho achembera anonzvisa tsitsi akanga akaunyana kusvika nyama, yairembera, nyama yainge yakarembera zasi *kudai* pamakumbo ake. Zvino akanga akadhakwa. Akanga akagara ipapo nemumwe murume mutana, uye iri munguva yezhizha, akapfeka rimwe remajasi echiuto akare, pfumbu, kana reruvara rwemuorivhi. Iro rakarembera pasi saizvozvo, uye nezisikavha guru rakamonerwa muhuro

make. Vakadhakwa, vaviri vavo, zvino vakanga vaine mudzimai wechichembere uyu anonzvisa tsitsi.

180 Ndakamira ipapo ndokutarisa-tarisa. Ndikati, “Mwari, Mungazvigamuchira sei? Chii—chii . . . Munotarisa sei zvakadaro saizvozvo? Apo, pazvinondiita ini, mutadzi akaponeswa nenyasha, ndifunge zvakadaro, Munokwanisa—kukwanisa kuzvitarisa sei? Handiti, zvinoita sekunge Maizopotitsa chinhu chacho chizaruke. Ko Rebekah wangu mudiki naSarah vachafanira kuuya pasi pemhando yerunziro yakadaro here? Ko vanasikana vangu vadiki vaviri vachafanira kusangana nyika ine mu—mukurumbira, inozivikanwa chaizvo, sezvairi nhasi, umo vanhu vanoita sezvakadaro? Mwari, ndingaitawo sei . . . ndoita sei?”

Chokwadi, inyasha dzaKe. Kana vakatemerwa kuHupenyu Husingaperi, vachauya kwahuri. Kana vasina, havadaro. Handizive. Zviri kuna Mwari. Ndichaita chikamu changu.

181 Ndakafunga, “Mungazvigamuchira sei, Mwari? Zvinoita sokuti Muri mutsvene kwazvo zvekuti Munongotsvaira chinhu ichocho kubva panyika.” Ndikati, “Tarisai mbuya avo vanonzvisa tsitsi vagere apo. Tarisai musikana wechidiki uyo kumashure uko. Uye heunoi mudzimai amire pano, zvichida ane makore makumi maviri namashanu okuberekwa. Uye nemupurisa uyo aine maoko ake akamumbundira muchiuno chake, achitamba pamuchina wenjuga. Zvino *hoyo* murairo; nyika yaenda. *Hoyo* humai hwaenda. *Heunoi* mukuru aenda. Uye *hoyo* musikana wechidiki agere kumashure uko, zvino aenda. Tarisai vakomana, pavanofanira kunge vari muchechi kana kumwewo.”

182 Ndakati, “O Mwari, ndoita sei? Zvino ndiri muguta rino, ndichichema nomwoyo wangu wose, uye vanozvifuratira vofamba sokunge vaive . . .” Ndakafunga, “Saka, Mwari?”

183 Saka, ndokubva imwe pfungwa yauya, “Kana ndisina kuvadana, vangauya sei? Vose vaNdakapiwa naBaba vachauya. ‘Mune maziso asi hamuoni, nzeve asi hamunzwi.’”

184 Ndakafunga, “Saka, kana Mutungamiri wenyika aizouya muguta pachinzvimbo cherumutsiro, munhu wese aizobuda. Oo, chokwadi, ndezvenyika.”

185 Ndakabva ndatanga kufunga, “Zvakanaka, Mwari, chirudzii, Madii kungoenda, mouya, motumira Jesu tongopedza nazvo? Hamungo—ngoenda mongozvipedza zvese, uye mozvirega zvichienda?”

186 Ipapo ndakatanga kuona chimwe chinhu chichifamba pamberi pangu. Chaiita sechamupupuri chidiki chichitenderera *sekudai*. Ndakaramba ndakachitarisa. Ndakaona nyika ichitenderera nekutenderera. Ndakaitarisa, uye yaipfapfaida ichibvisa chimwe chinhu. Ndakatarisa, uye raiva Ropa dzvuku

raipfapfaidzwa, rakati piriviri, rakachinjika, rakapoterera nyika yose; sezvakangoita chamupupuri chichitenderera, senyeredzi yekometi, uye chaiva nekutenderera seizvi. Zvino ndakatarisa pakutenderera uku. Uye neche pamusoro pacho, ndakaona Jesu muchiratidzo. Akanga akatarisa pasi. Zvino ndakazviona ndakamira pasi pano panyika, ndichiita zvinhu zvandisingafaniri kuita. Uye nguva yese yandaitadza, Mwari vangadai vakandiuraya, “Nokuti, zuva raunoudya, ndiro zuva raunofa.” Zvino hutsvene hwaMwari nenduramo zvinoda, uye unotofanira kufa. Zvino ndakabva ndatarisa ipapo. Ndakaramba ndichipukuta maziso angu. Ndakati, “Handisi . . . Handina kumbokotsira. Ndiri . . . Chiratidzo. Ndine chokwadi kuti ichi chiratidzo.”

¹⁸⁷ Ndakaramba ndakatarisa, ndakamira kuseri kwemusuwu. Zvino ndakaona zvivi zvangu pachangu zvichikwira kumusoro. Uye pese pazvaitanga kurova Chigaro chohushe, Ropa raKe raiita sebhamba riri pamota. Rakazvibata, uye ndaiRiona richizunguzika, zvino Ropa raiyerera richidzika nechiso chaKe. Zvino ndakaMuona achisimudza maoko Ake, ndokuti, “Baba, muregererei, haazivi zvaari kuita.”

¹⁸⁸ Ndakazviona ndichiita chimwezve chinhu, zvakaMuzunguza zvakare, ndokurovera. Zvingadai, Mwari vangadai vakandiuraya ipapo chaipo, asi Ropa raVo rakanga richindibata. Rakanga riri kubata zvivi zvangu. Ndakafunga, “Oo Mwari, ndini ndaita izvo here? Chokwadi anga asiri ini.” Asi ndaive ini.

¹⁸⁹ Zvino ndakatanga kufamba sezvizi, sokunge ndaipfuura nemukamuri iyoyo, zvino ndakafambako ndichiswederwa pedyo naYe. Ndakaona bhuku rirerepo, raiva nezita rangu pariri, uye nemhando dzose dzemavara matema akanyorwa pariri. Ndikati, “Ishe, ndine urombo kuti ndakaita izvi. Zvivi zvangu zvakaKukonzera kuita izvozvo here? Ndakatenderedza Ropa reNyu rikapoterredza pasi rose here? Ko ini—ko ini ndakaKuitirai izvi here, Ishe? Ndine urombo kwazvo kuti ndakazviita.” Zvino Akatambanudza ruoko. Ndikati, “Mungandiregererawo here? Ndaisada kudaro. Ndicha . . . Imi, nenyasha dzeNyu, ndichaedza kuva mukomana ari nani kana Mukangondibatsira.”

¹⁹⁰ Akatora ruoko rwaKe ndokubhabhadzira parutivi rwaKe, akatora munwe waKe ndokunyora “waregererwa” pabhuku rangu; ndokurikandira kuseri kwaKe, muGungwa reKanganwiwo. Ndakaritarisa zvisvishoma. Zvino Akati, “Zvino, Ndakuregerera, asi unoda kupa uyo mhosva.” Maona? Akati, “Waregererwa, asi ko iyewo? Unoda kumuputitsa. Wanga usingade kuti ararama.”

¹⁹¹ Ndakafunga, “O Mwari, ndiregerereiwo. Ndanga ndisingade kufunga izvozvo. Ndanga ndisingade kuita izvozvo. Nda—nda—ndanga ndisingade kuita izvozvo.”

192 “Waregererwa. Unonzwa zvakanaka. Asi ko iye? Anokudawo, zvakare. Anokudawo.”

193 “Saka,” ndakafunga, “Mwari, ndinoziva sei kuti ndiani waMakadana, uye ndiani waMusina kudana?” Ibaso rangu kutauro nemunhu wese.

194 Saka, chiratidzo pachakandisiya, ndakafamba ndichienda kwaari. Ndakati, “Makadii zvenyu, amai?” Zvino varume vaviri vava vainge vaenda kuchimbuzi. Uye ivo... Akanga agere ipapo, achiita munhikwe, munoziva, achiseka. Bhodhoro rehwise rakagadzikwa patafura, kana kuti doro, rakanga riri, doro rakagara ipapo, apo pavainwira. Ndakaendako. Ndikati, “Makadini?”

Zvino iye ndokuti, “Oo, mhoro.”

Zvino ndikati, “Ndingagara pasi here?”

Akati, “Oo, ndine vandinavo.”

Ndikati, “Ndanga ndisingareve nenzira iyoyo, hanzvadzi.”

Akanditarisa pandakamudaidza kuti “hanzvadzi.” Akati, “Unodei?”

Ndikati, “Ndingagara pasi kweminiti chete here?”

Akati, “Zvibatsire hako.” Zvino ndakagara pasi.

Ndakamuudza zvakanga zvaitika. Akati, “Zita rako ndiani?”

Zvino ndakati, “Branham.”

Akati, “Ndiwe here murume ari zasi kuno munhandare iyi?”

Ndikati, “Hongu, amai.”

195 Akati, “Ndanga ndichida kuuya zasi ikoko.” Akati, “VaBranham, ndakarerwa mumhuri yeChikristu.” Akati, “Ndine vasikana vaviri vechidiki vanova Makristu. Asi zvimwe, zvimwe zvinhu zvakaitika,” zvino akafamba nenzira isiriyo, kana kuti akatanga.

196 Ndakati, “Asi, hanzvadzi, handina basa nazvo, Ropa richiri rakakomberedzai. Nyika ino yakafukidzwa neRopa.” Dai Risina kudaro, Mwari vaizotiuraya, tese. Ivo... Kana Ropa iroro rikabviswa, tarisirai kutongwa. Asi zvino, kana mukafa musina Ropa iroro, mukaenda seri kwenzvimbo iyoyo, ipapo hapana chinozokubatsirai. Nhasi Ropa riri kushanda panzvimbo yenyu. Ndikati, “Mudzimai, chokwadi, Ropa richakakufukidzai. Chero bedzi muchiri kufema mumutumbi wenyu, Ropa rakakufukidzai. Asi rimwe zuva kana mweya wekufema wabva pano, mweya unobuda, unoenda mberi kweRopa iroro, uye hapana chimwe kunze kwekutongwa. Uchiri nemukana wekuregererwa . . .” Zvino ndakavabata ruoko.

197 Akanga achichema, akati, “VaBranham, ndiri kunwa.”

198 Ndakati, “Izvozvo hazvina zvazvinokanganisa. *Chimwewo chinhu* chandiyambira kuti ndiuye kuzokuudzai.” Ndakati, “Mwari, nyika isati yavambwa, vakakudanai, hanzvadzi. Zvino muri kuita zvisizvo, uye muri kutongozwiita kuti zvitowedzera kuipa.”

199 Akati, “Munofunga kuti Vaizondigamuchirawo here?”

200 Ndakati, “Zvemazvirokwazvo, Vanokugamuchirai.”

201 Ipapo namabvi ake, takapfugama pasi pakati penzvimbo iyoyo, uye musangano wemunamato wechinyakare. Mupurisa uya akabvisa ngowani yake ndokupfugama nebvi rimwe. Ipapo takava nemusangano wemunamato, munzvimbo iyoyo. Sei? Mwari vanoita zvanoda.

“Tichiisa parutivi mabasa aya akafa, ngatipfuurirei mberi kunokwaniswa.”

202 Ngatipindei muchiyero ichocho umo izvi, “ndiri wemuchechi; ndiri *weiyoye*,” zvese zvatopera. Uye ngatiendei mberi kunokwaniswa.

203 Shamwari yangu mutadzi, kana usina Ropa nhasi, usina ruponeso, usina nyasha, Ropa raJesu Kristu rakakubata. Unoti, “Asi, handina chakandiwana wani nguva yese iyi.” Asi rimwe zuva uri kuenda uko kusina chinokumiririra ipapo.

Ngatinamatei zvino, tichikotamisa misoro yedu.

204 Pane here, angave, mumwe pano nhasi angada kuti, “Mwari ndinzwireiwo tsitsi, ndinocherechedza kuti ndakaita zvakaipa?” Pamwe wakajoinha chechi. Zvakanaka izvozvo. Asi kana usati wagamuchira nyasha dzaKristu, ungasimudza ruoko rwako, uchiti, “Ndinamatireiwo ini, Hama Branham?” Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadze, mudzimai. Ndizvozvo. Rega... Mwari vakuropafadzei, changamire, kumashure uko. Mwari vakuropafadze iwe, newe. Kumashure-shure uko, hongu, Mwari vakuropafadzei. Simudza ruoko rwako. Ndizvozvo. Ingosimudza ruoko rwako, woti, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi.”

205 Unoti, “Ndiri wemuchechi, Hama Branham. Hongu, nda—ndakaedza kuva wakanaka, asi handizive, ndinongoita sekunge, zvinoita sekunge, handikwanise kuzviita.” Oo, mufambi anonzwisisa tsitsi, shamwari inonzwisa urombo yakaparara, chaizvoizvo hausati wamboona chiratidzo chacho nazvino.

206 Unoti, “Hama Branham, ndakadanidzira. Ndakataura nendimi. Ndakaita zvose izvi.” Chinogona kunge chiri chokwadi, zvakare. Zvakanaka, handina chekutaure ndichipesana nazvo.

Asi, mudikani wangu, shamwari yakarasika, asi, kutaure nendimi, kana kuzunguzika, kana kukwazisana maoko, kana kubhabhatidzwa, izvozvo, zvakanaka. Asi, kuMuziva, kuziva Munhu. “KuMuziva ndihwo Hupenyu.”

²⁰⁷ Unoti, “Ndinoziva Bhaibheri, chaizvoizvo.” Asika, kuziva Bhaibheri, hausi Hupenyu. “KuMuziva,” chisazitasingwi, “kuMuziva, Kristu,” zvokuti unoziva kuti Akakuregerera.

Ungasimudze here maoko ako, zvakare, mumwewo munhu? Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadzei neche kuno uku, hama. Mwari vakuropafadze kumashure uko, mujaya. Mwari vakuropafadzei neche kuno, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei, kumashure-shure, uko. Ndizvoizvo chaizvo. “KuMuziva, ndihwo Hupenyu.”

“Hama Branham, ndirangarireiwo. Ndiri zvino, ipo pano pachigaro changu, ndiri kuzogamuchira Kristu.”

²⁰⁸ Iti, “Huyai mumoyo mangu, Ishe Jesu, mundipe rugare rwuya, kutapira kuya.” Unoenda kuchechei, woridza mumhanzi nesimba rako rese, uchitamba uchikwira nekudzika, uchimhanya nemunofambwa nevanhu; woenda kumba, uchifunganya, nekunetseka, nekupopota, haasi Kristu. Unoenda kuchechei, wogara woteerera imwe mharidzo diki yekuti bhiri riri richapendwa sei, kana *zvimwewo* zvakada kudaro, usingambonzwa Shoko. Shoko rinounza Hupenyu. IMbeu. Haudi rugare here?

²⁰⁹ Unonetsekana nepamusoro pekufa here? Uchizova nekukundika kwemoyo nhasi, zvinokunetsa here? Kana kuti ungangafara here, uchiti, “Ndiri kuenda kunova naIshe Jesu pamagumo enzira ino”? UnoMuziva here? Kana usingadaro, chingosimudza ruoko rwako. Tiri kuzokukumbirira munamato. Hongu, hama, imiwo, zvakare.

²¹⁰ Zvakanaka, mumoyo mako zvino.

Sezvandingori, ndisina chimwe chikumbiro,
Asi kuti Ropa reNyu rakadeurwa (kuitira ani?)
 kuitira ini,
Nekuti ndinovimbisa, ndichatenda,
Oo Gwayana, Oo Gwayana raMwari, ndauya.
 Ndinouya, zvinyoro-nyoro, netsitsi.
Sezva . . .

Ingofamba wakananga kwaAri, nokutenda. Tenda kuti Akamira ipapo chaipo parutivi rwako. Aripo.

. . . - kwete
kubvisa pamweya wangu (zvezvakawanda
 zvakadii zvino?) kwechimwe . . . (hasha,
 pfini),
Kune Uyo Ane Ropa rinogona kuchenesa
 gwapo rimwe nerimwe,
O Gwayana . . .

²¹¹ “Nokutenda ndichafamba ndichienda kumuchinjikwa, mangwanani ano. Ndinoisa mitoro yangu pasi. Ndouya.”

Mwari vakuropafadze kumashure uko. Zvakanaka izvi. [Hama Branham vanotanga kuimba mahon'era *Sezvandingori—Mupepeti*] Rega kushaya hany'n'a zvino. Nomufaro, mukutapira, famba uchisvika kumuchinjikwa.


212 MuTestamende Yakare, vaiunza gwayana. Vaiziva kuti vakatadza, vaizviziva nemirairo. Unozviziva zvino, nekuti Mwari vataura nemoyo wako. Vakatarisa mirairo, “Usaite upombwe. Usaite *zvakati-ne-zvakati*.” Zvino vakatora gwayana, vakaenda ndokuisa maoko avo pagwayana, muprisita ocheka huro. Muchinda mudiki uyu aikava-kava, uye achijuja ropa, uye achichema, uye achifa. Maoko ake akanga akazara ropa. Gwayana rakafa pachinzvimbo chake, asi akabuda nechishuwo chimwe chete chekuzviita zvakare.

213 Asi panzvimbo ino, tinouya nokutenda, kubudikidza nenyasha. Mwari vakatidana. Tinoisa maoko edu pamusoro peGwayana raMwari. Tinonzwa nyundo iya ichizeya. Tinonzwa Izwi riya, “Ndine nyota; Ndipeiwo chekunwa. Baba, musavapa mhosva yechivi ichi; havazivi zvavari kuita.” Maona? Nokutenda, tinonzwa rufu rwaKe ipapo pachinzvimbo chedu. Pakadzika-dzika mumoyo medu munouya rugare rwakadzika, rwakadzikama, apo Inzwi parinoti, “Waregererwa zvino. Enda uye usazotadzazve.” Kuti, kuburikidza nenyasha, zvino, tinofamba tichibva tisina chishuwo chimwe chete, asi chishuwo chekusada kuzotadza zvakare kana kuita chero chinhu chakaipa. Rugare runopfuura kunzwisisa kwose, rwapinda mumwoyo yedu.

Dai maZvigamuchira zvino tichinamata, mumwe nomumwe, pamwe chete.

214 Baba voKudenga, vari kuuya nokutenda, kuburikidza nenyasha. Pane maoko anenge gumi nemaviri asimudzwa. Ndizvo zvibereko zveMharidzo. Vanouya kwaMuri. Vanotenda. Ndinotenda mavari, zvakare, Ishe. Ndinozvutenda kuti, chokwadika, Mweya Mutsvene wataura kwavari. Uye nokutenda vari kukwira kumusoro pamanera aJakobho zvino, kumusoro kusvika pazasi pemuchinjikwa, ipapo vachigadzika pasi zvivi zvavo zvose, uye vachiti, “Ishe, zvandinyanyira. Handichagoni kuzvitakura zvachose. Uye Mungabvisawo here mutoro wangu wechivi, nekubvisa chido kubva mumoyo mangu chekuzviita? Uye ndiregei, nokutenda, nhasi, ndiKugamuchirei seMuponesi wangu pachangu. Uye kubva zvino zvichienda mberi, ndichaKuteverai maera yoga-yoga yenzira, kusvika kumagumo erwendo. Ndinoona zvisihoma zvazvinoreva ‘kupfuurira mberi kunokwaniswa,’ kwete kupinda muchechi, nemidzi yemabasa akafa serubhabhatidzo nezvimwe zvakadaro. Asi ndinoda kuenderera mberi, kusvikira ndisisipo, uye Kristu agokwanisa kurarama mandiri.”

²¹⁵ O Jesu, zviitei kumweya wega-wega watendeuka, mangwanani ano. Wese asimudza maoko avo vachagamuchira Hupenyu Husingaperi nokuti Makazvivimbisa. Vagamuchira paruzhinji. Vasimudza maoko avo. Vatyora mirairo yese yesimba rinonodhonzera pasi. Vaita kuti sainzi inzwe kuzvinyarira, nekuti sainzi inoti, “Maoko ako anofanira kurembera pasi.” Chero chipi hacho chairatidza izvozvo musainzi, kuti chinofanira kugara chiri pasi, nokuti simba rinodhonzera pasi rinochibata chiri pasi. Asi mavari manga muine mweya waita sarudzo, uye vakazvidza mitemo yesimba rinodhonzera pasi uye vakasimudza maoko avo. Mazviona, Ishe. Makaisa zita ravo muBhuku. “Waregererwa.” Bhuku rekare radzokera muGungwa reKanganwiro zvino, harichatongoyeukwi zvakare. Ngavaende mberi nhasi, seMakristu ane rudo, anotapira, kuKushumirai. Uye pamwe vazhinji vasina kusimudza maoko avo, vapeiwo zvakare.

²¹⁶ Regai vatsvene vafambe zviri pedyo zvakawedzerwa vishoma, Ishe, nokuti tava zuva rimwe pedyo neKumusha kupfuura zvataiva nezuro. Ivai nesu, Ishe, nokuti tinozvikumbara muZita raKristu uye nekubwinya kwaKe. Amenii. 

VAHEBHERU, CHITSAUKO
CHECHISHANU NECHECHITANHATU ¹ SHO57-0908M
(Hebrews, Chapter Five and Six ¹)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEBHUKU REVAHEBHERU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Gunyana 8, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org